КЕҢЕСБАЙ РАХМАНОВ

# ТАҢ АШЫҒЫ



*(қосықлар ҳәм поэмалар)*

„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН“ БАСПАСЫ
НӨКИС—1978-ЖЫЛ

www.ziyouz.com kutubxonasi

КК 2 3703040200
Р 8 М—357(06)—77

Бердақ атындағы сыйлықтың лауреаты шайыр Кеңесбай Рахмановтың „Таң ашығы" китабы оның үшинши қосықлар топламы. Оған шайырдың соңғы жыллары жазған қосықлары менен поэмалары киргизилген.

Автордың ой ағысларынан дөреген поэтикалық қосықларында Ўатан, партия,туўылған жерге болған муҳаббат, дослық, адамгершилик сезимлер йошлы жырланады.

К. Рахмановтың поэмаларының тематикасы кең, оның қаҳарманлары дәслепки комсомоллар, ҳәзирги өз заманласларының дөретиўшилик ислери қызықлы ўақыяларда сөз етиледи.

© „Қарақалпақстан" баспасы, 1978

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚОСЫҚЛАР



www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

# ТУЎЫЛҒАН ЖЕР ТОЛҒАНЫСЛАРЫ

*(қосықлар дүркини)*

Кел, окыўшым, атланайық алысқа,
Инсан таныс, дала таныс, жол таныс,
Кара, анаў дәрьядағы ағысқа,
Онда бардай түўесилмес толғаныс.

Көптен берли сағындым мен сапарды,
Жолға шықтым. О өзлериң қоллаңыз!
Шексиз дала еслетеди атамды.
Бар онда да таўсылмастай толғаныс.

Қарап турсам ана-жердиң сыйқына,
Гөззалланар, ҳәр күнинде толған ис.
Ҳеш нәрсе жоқ мүлгип жатқан уйқыда,
Бәринде бар ада болмас толғаныс...

* * *

Сен дегенде ағылмасын жыр кайдан!
Туўылған жер—тербетилген бесигим.
Самалларың кеўилимнен ғулт айдар,
Ҳәр соқпағың—ығбалыма есигим.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Туўылған жер, сен—бабамнан мийрасым.
Сен жалаңаш, шыр питпеген жер един.
Қойнындағы ыссы қумдай сыйласық
Тапты сеннен байлықлардың дерегин.

Ойлай көрме шығарды деп пәс қылық—
Келбетинди сол қалпинде көширсем.
Дәрья, теңиз, көллерине асқынып
Мақтаншақлық ете қойсам, кешир, сен.

Өз перзенти анасына айта алмас
Сулыўлығын, гөззаллығын, шырайын.
Бирақ та мен сөз келгенде кайтармас
Еркетайың болып өссем, не қылайын?

Сениң көркиң қандайлығын түсинер,
Ақ қағазға еркин бермес сағыныш.
Сени ойласам ой кеўлимди өсирер,
Саған қарай талпынаман асығыс.

Қаратаў деп қопсынбаспан сыртта мен,
Болғанман—ғой Эльбруста, Саянда.
Бирақ сениң бир тасыңды журтқа мен
Берер едим бәлент таўдай баянлап...

Туўылған жер, мениң ғарры анамсаң,
Қушақлайман: өзиң сыла, өзиң өп.
Атланарда иштен тынып қаларсаң,
Жазылажақ қосығымның сөзи боп...

* * *

Саған қарсы бир сөз айтыў нуқсандай,
Сәл нәрсеге қыйналаман, парлайман.
Өз уясын патасламас қуслардай—
Намысыңа дақ түсирмей қорғайман.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Туўған жерге тил тийгизип болар ма?
Өз анасын кемситер ме баласы?!
Ҳайўанларше? Жырткышларше?? Олар да
Жасайды ғой тоғайына таласып.

Гүзли-бәҳәр батпағың бар. белшерден
Батсамдағы жыйырылмас маңлайым.
Жаз күнлери шаның менен өлшермен
Баска журттан айырмаңның қандайын.

Басымдағы дәўлетимсең таймаған,
Мен,—қолыңда шыр айланған уршығын,
Кең даланды көргендеймен айнадан
Өзге елде палаў жесем бир шуқым.

Қонақ болдым аэропортта, вокзалда
Гүллер тутты заўык бағышлап кеўлиме.
Түрли гүллер. . О, туўған жер, мен сонда
Асыққанман ғаўашаңның гүлине!

Көп кешиксем —бардай үлкен айыбым,
Ал сен күттиң сол қалпиң, сол пишинде.
Сағынғанман Әмиўдәрья қайығын
Енисейде „Метеор“ дын ишинде.

Қайда барсам, нени ойласам, бәринде
Туўылған жер қудиретиңе табындым.
Жулдызларға сәўбетлескен Памирде
Жумыртаўдың төбелерин сағындым.

Сен екенсең қуўанышым кайда да!
Гәўҳар көзим—сенлик қуяш, таң, сағым.
Пышық мурны батпайтуғын Тайгада
Сары қумлы кең саҳраңды аңсадым.

www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Кеӊ көкирек керек дейди-аў. Көкирек
Планетаны сыйғызбаған менен де—
Шыққан ўақта өз иргеӊнен шетирек
Сайрап турсын Туўылған жер дегенде!

Жүрек керек, жүрек дейди-аў! Сол жүрек
Мәзи мүшеӊ болып қалмай дененде—
Дослар менен кеткен ўақта шетирек
Йошып турсын Туўылған жер дегенде!

* * *

Көп жигит бар иске маман, күшли, жас,
Қайда күтпес пуллы мийнет базары?
Бирақ олар сени таслап кете алмас,
Сенде жеген бир тислем нан мазалы.

Қадириӊди билер ме ел гезбеген—
Алладан да алдын айтып атыӊды?
Басқа жақта хорланғанша сөз бенен
Сенде жеген бир жудырық татымлы.

Муҳаббат—бул ашықлардыӊ мөлдеги,
Теӊ болса да ләззети оныӊ екеўге—
Узатылған қызлар бизиӊ елдеги
Сыӊсып жылар туўған журттан кетерде.

Көп қаршығаӊ ушып кетти алысқа,
Бүгин билим шыӊларына байланар,
Ертеӊ шерик болып сенлик намысқа
Сағынышлан туғырына айланар.

Сеннен айырыў— көкиректен атыўдай,
Айралыққа ҳасла дәтим шыдамас,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Баска жаққа сапар шексем, япырмай,
Тасбақадай жолым сирә мандымас.

Ўатан! — десең паркына жет сөзиңниң
Аңсат емес ўатан менен сүйиспек.
Уллы ўатан түсинигин сезиндим
Сениң уўыс топырағыңды ийискеп.

* * *

Бир сөз артық, бир сөз кемис болмағай,
Туўылған жер, тәрийплеўим дым қыйын.
Мени сениң кудиретиң қоллағай,
Әмиўдәрья болып бүгин булқыйын!

Сыйпаламай нәзик сөздиң заманы
Өтип кетти. (Айтыў керек жасырмай).
Сүйиў ушын ҳәзиргиниң адамы:
Нур шашайын Дослық Тақыятасындай!

Қуры мақтаў жаға бермес қулаққа,
Жақсы сөзлер қала берер аз болып.
Халыққа керек болыў ушын бул ўақта:
Үстиртинде атылайын газ болып!

Алжы-булжы сөз шықпағай тилимнен,
Гәп айтқан соң тыңламай ма самал да?
Жургглар жақсы көриў ушын бүгиннен
Ырғалайын дақыл болып даланда!

Сөйлегенде ҳәмме қалғай тамсанып!
Балық десе мойыны гүрт үзилген
Қаракеңниң аўыў ушын аңсары —
Аралың боп толқыйыншы бүгин мен!

Байрамларда нәрестелер көтерген
Шардай сөзден ушар сениң ҳүрейин

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бәрҳа алғыс алыў ушын бөтеннен,
Пахта таўың болып көкти тирейин!

Сөз мәнисин аңғарады бала да,
Аңсат емес кеўилдиң шын толғаўы
Туўылған жер, дәслеп сендей Анаға
Бир азамат перзент болсам, болғаны.

* * *

Сулыўлыққа ким жутынып қарамас!
Гөззаллық—ол дәўримиз нағысы.
Маған гөззал суўына қум аралас
Есерленген Әмиўдәрья ағысы.

Басқа жақтан излемеймен бояўын,
Ана—жерим, көркинди ким елемес?
Рашларда желкилдескен бояның
Джингули тоғайынан кем емес.

Сулыўсаң ба өскениме аянда?
Бир сыйқырың бардур жанды қозғарлық,
Туўылған жер, сениң қойыў саянда
Қаўын болып желинеди гөззаллық.

Мийман кеўли толмаса да сәниңе,
Гөззаллықтың ата-анасы өзинде.
Ол дусласар сулыўлықтың кәнине,
Дастурханды жайып салған гезинде!

Болдым талай адамлардың тобында,
Айта берсин көкиреги аңлылар:
Сенде гөззал мерекениң жолында
Ғаўқылдасқан шөгирмели ғаррылар!

Ким үстиңнен сындырса сөз гүзесин
Шыдамайман ондай пасық әдетке!


www.ziyouz.com kutubxonasi

…станым менин! Азат мəканым,
Көрер көзге куламас жас шаңарак.
Кызларыныңн, нийет еткен сапарын,
…ды женислерге кəрамат.

Бенден емес…
Сулыўлығың …аспаным менин,
Туўылған жас дəстаным менин,
Өжетлиги …анының нурларын емген,
…лпакстаным менин!

Туси…
…н каршыға един, шыңлар басында,
Ғаплетли күнлерден пəрўаз соранған.
Енди бəлент ушпың, ҳəр талўасында
Əмиў бойларына мəртлик оралған.

Кəрўан един, ығбал шегарасында
Залым менен зулымларға таланған,
Енди кəрўанларың толып ҳасылға
Ғурғынлық таўлары болып жаралған!

Гүлленген бостаным менин,
Каракалпакстаным менин!

## II. ЫҒБАЛ СОҚПАҚЛАРЫ

Дəрья ағысындай өмир ағысың
Жаңа толқыўларға баслап ағысын,
Уллы гүреслерде, мəртлик ислерде
Жақынлады əрман еткен алысың.

Азатлық таңының сөнбес куяшын,
Ертеден таныдың меҳригиясын.
Ығбал соқпақлары кадем басқаның,
Мəртебең жоқары Қарақалпақстаным!

Шөллер баўырында булақ аңсаған
Елат едиң даўылларда қаўсаған,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Пытыраңқы един, бирлести елиң,
Ығбал соқпақларын ашты таң саған!

Жаңадан салынды имаратларың,
Жаңадан алынды ески атларың.
Ҳәттеки гүлледи суўық тасларың,
Дәўлетиң гүрледи Қарақалпақстаным!

Шыр питпеген жерлер сүйип бәҳәрди,
Бағларға орады сендей мәканды.
Саҳра—партаўларға, теңиз—таўларға,
Туңғыш бесжыллықлар өмир апарды.

Ерликлер туўылған болдың мәрт уя,
Нур шашты туўыңнан Ленинлик партия!
Өттиң жеңис пенен жоллар асқарын.
Өрле жеңис пенен, Қарақалпақстаным!

## III. АРПАЛЫСЛАРДА

Алыс-алысларға жулқып әкетти,
Шадлық намаларын ҳәсирет наласы.
Ар-намыс атланып батысқа кетти,
Бийгүна өлмесин деп адам баласы.

Ана—Ўатан ушын, тынышлық ушын,
Ержүрек улларың отлардан өтти.
Жумсап соңғы қанын ҳәм соңғы күшин,
Әжел арасынан, оқлардан өтти.

Бомба гүрсилинен жерлер солқылдап,
Аўдарылып қалды қанша бесиклер.
Дәрьяларда қанлар ақты толқынлап,
Ашылмастан қалды қанша есиклер!

Туўысқанлар ушын, ар-намыс ушын,
Сениң перзентлериң жанларын берди,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғүл өмир ҳаққына арпалыс ушын,
Журек жыллылығын, таңларын берди.

Дүньяда жасайды бахыт заманы,
Душпан буза алмады беккем қорғанын.
Жеңис сазын шалды совет адамы,
Тынышлық дәстанын қайта толғадық.

Қарақалпақстаным, мәртлигиң артты,
Қаддиң бүгилмеди аўыр жылларда.
Туўысқан партиям баслаўда халықты,
Нурлы коммунизмге—айдын жолларға.

## НӨКИС

Жыллар дәўранынңның есигин қақты,
Жетгиң бәҳәриңе қарлығаш болып.
Ҳәр көшеңде күлди инсанның бахты,
Сен өстиң гүл болып, мәрмәр тас болып.

Тарийхың урмаған тереңге тамыр—
Сен жассан, әдиўли үмитиң алда,
Бирақ, дүнья сениң халқыңды таныр,
Сен де даңқ жаярсаң бул халқың барда!

Билемен, гөззаллық жат емес саған,
Өмир ағыслары төсиңди жуўар.
Шебер ҳәм шаршамас қурылысшы-анаң
Қушағыңда зәўлим жайларды туўар.

Сол жайларда түнде сөнбесе жақты—
Сениң келешегиң сызылып атқан,
Дәл ортаңа орнап ығбалдың тахты,
Саған жәннет өзи қызығып атқан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Нөкис, дәргайыңа әкелди мақсет,
Сенде қанат қомлап, уштым жоқары.
Мендеги тәшўишлер, мендеги сәпсет,—
Сениң азаматың болыў опалы.

Еле жолың узақ, сапарың алыс,
Бес жыллықлар саған кут болып қонар.
Ертең ғабырысар бүгинги таныс,
Алтын дәўраныңнан соқпақлар сорар.

Тарыйхың урмаған тереңге тамыр,
Сен жассаң, әдиўли үмитиң алда.
Бирақ дүнья сениң халқыңды таныр,
Сен де даңқ жаярсаң бул халқың барда!

*20/VIII—77 ж.*

* * *

Ақ көкирекликти сүйер ақ қағаз,
Жүрегим—ақ отаў, кербаз гәп—келин.
Сапар узақ... жолға шыққан атлар аз,
Мениң ҳақ нийетим—аппақ дәптерим...

Жақсылар, мен саған қосық боларман,
Мәзи қурғақ сөзбен наданлар ушын.
Менин әрманларым алға жол алған,
Өлмеймен! Жасайман адамлар ушын!!

Инаның, алдаўға жаным қас мениң,
Өмир бул талпыныў, гүрес ҳәм жарыс,
Сонлықтан жүрегим мәңги жас менин,
Сонлықтан ойларым толқыған ағыс!..

*1975-ж*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ИНСТИТУТ—АЛТЫН БОСАҒАМ

Сәлем, институт—алтын босағам!
Ағар жүреклердиң алғысы саған.
Сен—билим кәнисең, жаслық бостаны,
Таўлардан басланып мәўжирген сағам.

Мөп-мөлдир шәшменнен татқан гезимде.
Уллы өмирге ушгым мәртлик сезимде.
Сен—бахыт томлары, алтын босағам.,
Ығбал дәрья болып ағар өзиңде.

Сәлем, институт—алтын босағам!
Билим соқпақларды жеткерди саған.
Сен—айдын келешек, нурлы қуяшым,
Сениң қуяшыңнан жақтырды санам.

Илим сырларына аштың көзимди,
Мыңларға тыңлаттың айтқан сөзимди.
Сен—билим бағысаң, алтын босағам,
Устаз айтар устазым деп өзиңди.

*Август, 1975-жыл.*

## РОССИЯ

Өлшеўи жоқ саған деген сөзимниң,
Онда алғыс буўдайындай ырғалған.
Онда мениң ата-анамның, өзимниң
Туйғылары дослық болып жырланған.

Россия! Бахыт ели, нур ели,
Турпатыңдай пейили кең анамсаң.
Сеннен нәпес алса халықлар жүреги,
Сен олардан иззет, ҳүрмет аларсаң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кейинги әўлад оқымаса тарийхты
Бәри, бәри өзлигинен болғандай.
Өмир уўын жутып журген халықты
Бүгин меҳриң қандырады Волгандай,

Қалың бултты серпип таслап түңликтей,
Уллы Ленин күнге гүзар ашқанда—
Сен жадырап айықтың да гүңликтен
Жаңа ҳаўаз қостың узақ дәстанға.

Узақ дәстан—алыс жоллар толғаўы,
Онда үни бар мениң ата-бабамның.
Тағдир әйлеп дүгискенде жоллары—
Бири болған арын сатпас баланның.

Сол ағалық ләззетине бөленип,
Шың нәзерлеп баратырмыз бүгин биз.
Қай исте де етип түрсаң төрелик,
Жасыүлкенге „яқ" демеген ииңбиз.

Россия! Дүзиў саған сәлемим,
Бахтымызға мәңги күлип таң турсын.
Дослық жолда қыя кетсе қадемим,
Бабалардың саған берген анты урсын!

*1974-жыл.*

## ҚАРАҚАЛПАҚ ХАЛҚЫНА

Тыңла, елим деген намыслы адам!
Бүгин шайыр йошы бас ийер саған,
Уллы Октябрьден ашылған саған,
Өмир булағындай ҳағлады, халқым.

Шежиреңниң гүзарына қарасақ,
Қойның толы қыйқыў менен аласат.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мәканыңда тарап талай ғаўасат,
Бахтыңды басқалар жаўлады, халқым.

Гүреслерде жендиң, жеңилдиң бәри,
Бир азат өмирде жасаў қумары,
Тәнҳа әрман еди—тағдир қуралы,
Гүзарыңды қыраў жалмады, халқым.

Не ҳәкимлер келип-кетти басына,
Бәри-бәри тек ақ салды шашыңа,
Сени бағындырып мүддәәсына,
Өмириңди қылға жалғады, халқым.

Гүйбеңлеп жете алмай басқа халыққа,
Шөгирмең ғаўқыйып көриндиң артта,
Бахыт келермекен қарақалпаққа?—
Дегенде тутанды әрманың, халқым.

Халқым деген уллар шығып арадан,
Елим деген қызлар шығып арадан,
Сени оятты да меңиреў даладан,
Бәрин ығбалыңа арнады халқым.

Сен палапан болсаң қырғыйдан қашқан,
Енди жетилистиң, бағыңды аспан,
Ҳәрбир пәрўазыңа арналып дәстан,
Өмир шырақларың парлады, халқым.

Кешир, колхоз дүзип мардыйған жанлар,
Гүнде менен пахта еккен дийханлар,
Сизлер болсаңызда ғайратлы, тәндар,
Несийбеңе даңқты салмады, халқым.

Сизлер ядқа алмаған, билмеген онда,
Пахтадан үйдик биз 300 мың тонна,
Бул бир табыс емес гезлескен жолда,
Жумсады намысын, дәрманын халқым.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бунда уллы мақсет белгилери бар,
Бунда гүресиўдиң үлгилери бар,
Бунда пахтакештиң күлкилери бар,
Бунда жолға салды әрманын, халқым.

Бунда қадемлердиң жарыслары бар,
Бунда жүйриклердиң шабыслары бар,
Бунда шадлықлардың ағыслары бар,
Бунда гезди табыс жолларын, халқым.

Бунда қыйынлықтың излери де бар,
Шайырлардың көмпек сөзлери де бар,
Дийханның өкпели көзлери де бар,
Бунда алтынға урды алтын қолларын, халқым.

Бунда бар: уйқысыз басабаслар да,
Бунда бар: көзлерден тамған жаслар да,
Бунда бар: қадемди кеңнен таслаў да,
Көтерди бәриниң салмағын халқым.

Бунда еле ҳешким билип билмеген,
Тарийх соқпақларын көмип гүл менен,
Тәрийпиңди баян әйлеп дүр менен,
Тиллерде жырланды дәўраның, халқым.

Үш жүз мың тонның шыңына шығып,
Даңқ деген тулпарға таслadың қурық.
Ҳәтте тәбиятқа бермедиң ырық,
Оны ерлик пенен алдадың, халқым.

Алысларға кетсем муҳаббатымсаң,
Мәнзилиме асығар қос қанатымсаң,
Қарақалпақ деген уллы атымсаң,
Бахтымды излейди жолларың, халқым.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Әмиў—ығбалыңның таскын ағысы,
Жыллар—мәртлигиңниң қанат қағысы,
Мийнетте тутанған ары-намысы,
Палўан бабалардын әўлады, халқым.

Пахта десе бәри түседи ядқа,
Жасырып не, қалдық талай уятқа,
Басқалардың жери, сууы зият па,
Деп сен төсегинде аўнадың, халқым.

Көп далалар жатты изге зар болып,
Жылымадын кеўлиң қыраў, қар болып,
Сазендеси олақ бир луўтар болып,
Дәртиңди намаға салмадың, халқым.

Болды аўқат, кийим гәпиңниң басы,
Ҳәм болмасаң болып кудайға ҳәси,
Тағдир гәрдишинин ең аўыр тасы,
Мойныңа илдирди салмағын, халқым.

Пахта десе бәри түседи еске,
Сен қаршыға едиң жатқан қапесте,
Шыңларға қона алмай пәлпеллеп пәсте,
Тек аяқ жолыңды шарладың, халқым.

Сақый ана жер де ол ўақытлары,
Барымның болғаны,—деп қақылдады,
Шықса да мийнеттиң көп батырлары,
Жерден аларыңды алмадың, халқым.

Бүгинги азат таңның нурын жамылып,
Шықты Қарақалпақ журтқа танылып.
Мийнет нәллеринен мийўа алынып,
Шөллерде ырғалар бағларың халқым.

Бүгин толып-таспас көкирек бар ма?
Бүгин шадлық деген ағыслы арна,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Келешек ҳаққына шаршама, талма,
Саў болсын қызларың, улларын, халқым.

Үш жүз мың тоннаның бәлент басынан,
—Коммунизм!—деп алға бас мудам,
Каракалпак—мийнеткеш, ер, дос адам,
Дегенди тыңлаў еди әрманың, халқым.

Қуўан „ақ алтын“ның шалып намасын,
Шадлық гезер ата-баба даласын,
Қуўаныш умытты шек-шегарасын,
Зүрәәт тойында шадланың, халқым.

Шайырдың қосығы болар ма ада,
Кәмалға келгенсоң усындай уяда,
Мың-мың рахмет деп компартияға,
Йошларымды саған арнадым халқым.

*21—24 ноябрь, 1968-жыл.*

## ОЙЛАР МЕНИҢ ҚАНАТЫМ

(*қосықлар дүркини*)

Ойлар – мениң қанатым,
Пәрўазларға шақырған.
Ойлар—мениң елатым,
Өнип-өсип атырған.

Ойыма от тиймегей,
Ғарқ болмағай тасқынға.
Ой болмаса түймедей,
Жокпан аспан астында.

Мениң ойым—жақсылық,
Мениң ойым—мириўбет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ол досларын мэс қылып
Жаўын унтар биримлеп.

Жаманлыққа жанымды
Үйретпеген ойларым.
Жасамасам жалынлы
Мен өзимди жойғаным.

Айтың дослар, расын,
Дәм болмаса ойымда.
Жүрегим бир жыласын,
Пәм болмаса ойымда...

Ойлар—мениң елатым,
Ҳүсни жайнап—жаснаған.
Ойлар—мениң қанатым,
Шыңға уша баслаған.

Шың басынан алысқа
Нәзер таслаң, ойларым,
Қумар един жарысқа
Әзел бастан, ойларым...

* * *

Бүгин ақшам тағы дөңбекшип жаттым,
Жазғы түн уйқылатар меннен басқаны,
Ҳәрўақ жулдызларға қосылып ақтым,
Тек жалғыз меники әлем аспаны.

Кеўлим сергек таңлар қараған сайын,
Меннен басқа адам жоқтай дүньяда.
Бүгин көргендеймен жулдыз шырайын,
Ығып баратырман мисли дәрьяда.

Жулдызлар жымияр күлкисин шашып,
Қызлардың көзине мегзер нышаны.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Кеўлимде мың түрли ойлар таласып,
Алыс жулдызларды ярдай қушады.

Бүгин ақшам тағы илинбес көзлер,
Қыялларым ояў, жулдызлар ояў,
Қағазға емес, аспанға жазылар сөзлер,
Оған мен қашанлар жетемен жаяў?...

* * *

Жолдаслар, нәўбетим келди ме мениң?
Йоша алсам йошайын, изәжат бериң,
Бүгин таң алдында оятты ойлар,
Өмирдиң сүўретин сызажақ едим.

Өмирдиң сүўрети... Ол қандай сүлдер?
Тәрийплей алар ма ырғалған гүллер...
Ол тамшы сүтте ме, тамшы қанда ма,
Я тамшы суўда ма, биледи кимлер?

Маған сол сүўретке болады уғрас:
Ләблердеги күлки, көзлердеги жас.
Шөлдеги қуяш ҳәм, гүлдеги шық ҳәм,
Сол бир мен салажақ сүўретке сырлас.

Ессиз шадлық пенен ҳазарлы қайғы
Сол шексиз сүўретти шегаралайды,
Бесик ақ бояўын жақса сүўретке,
Табыт қара бояў менен бояйды.

* * *

Жақсыны көрсем жадырап,
Ашыла берди талайым.
Жаманды көрсем, арырақ
Тәрк ете бердим панайын.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Алдына барсам жақсының,
Өзимди қустай сеземен.
Көрмедим сирә жатсынып,
Кеўилин еркин геземен.

Жаманға түссе бир исим,
Жалпайып ғана айтаман,
Әптапта музлап, қунысып,
Бас пенен жүрип қайтаман.

Жақсыға мени жорыңлар,
Жақсылық болғай билгеним,
Жақсыдан мың-мың қолым бар,
Тикенсиз жерде гүлледим.

Қорғаңлар мени жаманнан,
Уўламаң кеўил наўасын,
Жаманлық шықса адамнан,
Таппайды ҳеш ким даўасын.

Еситсем деймен, беглерим,
Өзимди жақсы адам деп,
Сол күни мениң өлгеним:
Айтсаңлар мени жаман деп...

* * *

Өмир—теңиз, мен уқсайман кемеге.
Ескек етип есип барар ерк оны,
Жаслық дәўир—зымыратқан еле де
Даўыл менен бәс байласқан желқомы.

Өмир—дала, мен төсинде жолаўшы,
Келешегим—алып ушқан қаназат,
Жоллар, жоллар! Меннен бағдар сораңшы,
Жаслықта мен, менде жаслық қалажақ.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өмир—аспан, мен пәрўазшаң қыранман,
Алыстағы әрманларым—қанатым.
Ҳәм қус жолын үлкен гүзар қыларман,
Қанат қомлар ҳәрбир ушқан заматым.

Өмир—бул мен! Мен адамман, досларым,
Ҳәр адамның өмири өз дүньясы.
Жалғыз өмир—мың шақалы бостаным,
Жаслық оның солмайтуғын гиясы.

* * *

**Ибрайым Юсуповқа**

Бир бағман жүр екен гүлзар ишинде,
Түрли шәменлерден гүлдәсте жыйнап.
Ергенегин ашты бизлерди сыйлап,
Ҳәм де ертип кетти ыссыда қыйнап,
Таўдағы булақтан суўсын ишиўге.

Қайнап атыр екен таўдағы булақ,
Лекин, ише алмадық тас арасынан,
Узаққа гелмирдик таўдың басынан,
Сонда бағман киси келди расынан:
—Мен де талай қайттым бул жерден жылап...

Булақ қадирине жетпегеншелли,
Бала қылығымыз зиятлаў екен,
Гүлзарға тамсаныў—уятлаў екен,
Аралаў—гүллерди туяқлаў екен,
Булақтан бир тамшы төкпегеншелли...

* * *

Биреў Әжинияздı, биреў Бердақты
Көклерге жеткерип, айдарын тақты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бири—қараңғыда бахыт излесе,
Бири—қараңғыда излеген жақты.

Еки шайыр тар заманда туўылған.
Еки жуп көз әрман менен жумылған.
Бири—шөлистанда бағлар таппаса,
Бири—шөлистанда булақ қыдырған.

Муң айрылмай еки шайыр басынан,
Сөз маржанын дизген көздиң жасынан,
Бири—мың муқамда таўланған ағыс,
Бири—дәрья болып қайтқан, тасыған,

Пырақ еди, заман тартты аяқтан,
Көкиректе шәшме болып ой аққан.
Бири—халықты мерекеде уйытса,
Бири—халықты гүресиўге оятқан.

Кеўиллери тынық еди айнадан,
Сөзи ықлымларға қанат байлаған,
Бири—сахраның шәмени болса,
Бири—бүлбүл сахрада сайраған.

Пир тутады шайырлардың ҳәммеси,
Шайырлықта бар ма олардың теңлеси?
Бири—поэзия патшасы болса,
Бири—болған поэзия бендеси.

* * *

Ойлар, ойлар бүгин тағы жолдасым,
Кеттим мине, сүрип йоштың жорғасын.
Қос жанарым теңиз бенен табысты,
Ақ бас толқын сүзип атыр жағысты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бизден терең зат бар ма леп әлемде,
Булқынған суў қулақ қоймас сәлемге.

Иркилмедим, кете бердим узаққа,
Жасыл дала сарғайыпты гүз ўақта.
Аппақ бултлар сүйип атқан төбесин
Алыстан—ақ көрдим таўлар елесин.
Бизден бәлент зат бар ма деп әлемде,
Асқар таўлар нәзер салмас төменге.

Баратырман, мәнзил алыс, жол алыс,
Жол·жөнекей болып атыр болар ис.
Шет-шебирин көрсетпейди далалар,
Көринбейди аўыл менен қалалар.
Бизден де кең зат бар ма деп әлемде,
Дала жолын төсеп атыр қадемге.

Мен оларға еликлеймен неликтен,
Адам болып адамларға ерипнен.
Басқалардың бәри дүнья қонағы.
Тек те, адам былай айғып қалады:
Жер үстинде өзге нәрсе бармекен—
Бизден терең, бизден бәлент, бизден кең!...

* * *

Жалғызлық—бул тағдирдиң зор ғарғысы,
Жалғызлықты душпаныма сыйлайман.
Жалғыз қалсам, аўылдың жас ғаррысы
Сыйып жүрген жайыма да сыймайман.

Жалғызлық—бул түсип қалған өмирден
Зердиң емес, бир қыйқымы ләттениң.
Жалғыз келсем, досларым шын кеўилден
Күтип алмас аяғында ҳәптениң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жалғызлық—бул дарақ екен шақасыз,
Гүллемеген, ҳасла миййўа питпеген.
Жалғыз болсам, бул дүньяға атасыз,—
Келгендеймен, өлгендеймен дәрт пенен.

Жалғызлықты баса гөрме тилине,
Ҳәр нәрсениң болыў керек жубайы.
Қосықларым жақпас еди тириге,
Егер жалғыз қалар болсам удайы.

* * *

Ел қыдырып жүргеним жоқ бағ таппай,
Маған бостан туўған жердиң тақыры.
Сағым емес, жарқылдайын шахмақтай,
Өмир, саған бир келгенмен, ақыры.

Жолға шықтым, барар жерим алыстай,
Зериктирер сапардың да жақыны.
Тамшы емес, мәўжирейин ағыстай,
Өмир, саған бир келгенмен, ақыры.

Мен жығылсам, бәлентликтен аўнайын,
Пәсти мақтаў—нас адамның ақылы.
Төбе емес, булдырайын таўдайын,
Өмир, саған бир келгенмен, ақыры.

Жақты жаҳан, нурың болып жасайын,
Ҳәзиргилер не қылса да ҳақылы.
Жулдыз емес, қуяштай нур шашайын,
Өмир, саған бир келгенмен, ақыры.

* * *

**Жолмурза ағаға**

Есигиңнен базда атлап турамыз,
Ақыл-кеңес еситсек деп бир аўыз.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Сиз шығасыз бир намаға ыңылдап,
Театрға келдик пе деп қаламыз.

Жас болсақ та шаршатады өткеллер,
Қысылшанда жигер берер өткенлер.
Сиз шығасыз алдымыздан қол созып,
Умыт болар соншa мийнет шеккенлер.

Жаслык сизден кетпегендей алысқа,
Қартайтпаған жоллардағы шабыспа.
Бауырым деп алдымыздан шығасыз,
Әкемиздей йошып бизиң табысқа.

Бир күлсеңиз ушар қыял қусымыз,
Марапаттан оңға басар исимиз.
Сизиң менен ушырассақ болғаны,
Я жас емес, я ғарры емес – кисимиз,

Сыншыллықты муқатыў деп түсинген, –
Сыншылларды ҳәс ушардан түсирген,
Ақсақалсыз, әдебият бағында
Бизлердей көк миййуаларды писирген.

* * *

*СССР халық артисткасы*

**Айымхан апа Шамуратоваға**

Сен жас един, тар заманның түлкиси
Ҳауазынды буўмақ болды ҳәсп деп. .
Бир қосығың болды өмир күлкиси,
Бир қосығың – жүректи езген ҳәсирет.

Қушақ ашты азат заман майданы,
Гүжип кетти өнер ушын бәсеки.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир қосығың шадлық болып жайнады,
Бир қосығың – көзлердеги жас еди.

Халқым саған қулақ тосты мудамы,
Сен сайрасаң боран болды нур-әптап.
Бир қосығың-уллы гүрес ураны,
Бир қосығың—қан жылаған муҳаббат.

Хош ҳаўазың—өмир ушын дәри зат.
Көкирегиңде—бир дүньяның отлары.
Бир қосығың – ярын қушқан перийзат,
Бир қосығың – аналардың жоқлаўы.

Бизлерге тек сестиң ғана буйырған,
Жазсам, тилсим өнериңди жазайын.
Бир қосығың—жалынның қыйылған,
Бир қосығың – жер үстине хожайын!

Қосық айтсаң, гүлин ырғап далалық,
Ырза болар жулдызлы аспан, айдын таң.
Бир қосығың—баўыры кең аналық,
Бир қосығың – мәңгиге жас Айымхан!

* * *

Тал шыбықтай таўланған,
Жас едиң—аў, жас едиң.
Хабарың жоқ әрманнан.
Тағдириңе мәс едиң.

Бир күлкиңди сағынып,
Ынтықтық бир сөзиңе.
Пада малдай ағылып,
Ерип кеттик изиңе.

Гездик бәҳәр, гүзлерди,
Уйқымызды қашырдың,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Байлап кеттиң бизлерди,
Бир талына шашыңның.

Енди аяқ-қол матаўда,
Кеўилдегин айта алмай—
Жатырмыз бир атаўда
Изимизге қайталмай.

Ышқы азабың сезбеген
Адамлардың биразы,
Қайтып атыр из бенен,
Болмай саған ыразы.

Сарсаң болды ақыллар.
Муң басқандай таў-тасты.
Қолы жетпей пахырлар,
Өз жөнине тарқасты.

Көп өтпеди арадан,
Үстиңнен гәп көбейди.
Таўып алған даладан,
Жез өкшеге теңейди.

Аўыздан гәп қала ма?
Сулыўлықта иси не?..
Қушақлапты бала да,
Қолтықлапты киси де.

Мен де кеттим бурыўға,
Қаштыма деп қунарың..
Енди сендей сулыўға,
Көзлер жойгты қумарын.

Жыллар өтти. Толды ма
Шуғыл сөздиң оқпаны.
Гүлди ийискеў орнына,
Өгиз болып отлады.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Жазсыз жеттин гүзиңе,
Бәҳәр бирден өзгерип.
Жигит емес, изиңе,
Кетти жаман сөз ерип.

Енди қайтты ныркың да,
Сени айттырар зарлылар.
Дәрет суўын жылтыўға,
Қолайлады ғаррылар.

О, онсегиз, өнсегиз!
Ким дәртиңе шатылар?...
Кешкурын бир қам семиз,
„Волга" сына шақырар.

Қыз дегениң гүл екен
Гүл дегениң қыз екен.
Гәптен аўлақ ул екен,
Гәптен өлмес биз екен..

* * *

Шайыр, тыңнан изле қосық уйқасын,
Гәпти қосық етип келтир қыйқашын.
Жалғыз жүрегиңниң бийнекуясы
Ҳәтте, мың-мың жүреклерге сыймасын.

Шайыр, қосық оқы, көзде жас турсын.
Кеўиллерди дәрьядайын тастырсын.
Жалғыз өзиңдеги қуўаныш, шадлық
Ҳәтте, мың-мың адамларды мәс қылсын!

Шайыр, ойлантпасаң, алма тынышын.
Қосық жаз журт арқа сүйеўи ушын.
Ярыңа жазғаның сабақлық болсын,
Ҳәтте, мың-мың қыздың күйеўи ушын.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шайыр, сен дәўирди жазба ушқары,
Қызыл сөзлер — поэзия душпаны.
Бир оқыўшың шийткип безиксе сеннен—
Мың қусынның туғырыңнан ушқаны.

* * *

*Социалистлик Мийнет Қаҳарманы*

**врач Оразымбет ата Халмуратовқа**

Сениўин күтги де үйдеги жақты,
Әжел жети түнде әйнекти қақты.
Қатал даўысыңды еситиўи сол,
Әлле қаяқларға қаңғып ылақты.

Қадем қойдың сексен жастың бағына,
Еле бәрин келтиресен бабына.
Жарқын дийдарыңды көриўи мәттал
Әжел зыта қашты келген жағына.

Ол қашып қутылмас бирақ еп пенен,
Сен изине түсип алдың кек пенен.
Сум әжелди қуўдың дала аңындай,
Атлы, машиналы, самолет пенен.

Қанша ҳүрмет, қанша алғыс аз енди,
Саған несип еткей рәҳәт, ҳәз енди.
Сексен жаста тамашалап турыпсаң,
Әжелдиң изине салып әжелди!...

* * *

(Д. М. F

Сен Шолпаным едиң алыс көктеги,
Мен сонша талпындым, қолым жетпеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаслық өзи менен өзи кетпеди,
Сениң дийдарыңды әкетти жаслық.

Сөзлер қалды мәзи жалыныш болып,
Дүньяға келипсең жаңылыс болып,
Күлкиң қалды мәңги сағыныш болып,
Сени бир әрмандай гәп етти жаслық.

Өтти жыллар, өтти айра айларым,
Өмир изге салды жары майданын,
Ғумша едиң, гүлледиң, миййуа байладың,
Сени де, мени де тәрк етти жаслық.

Еситкенге енди бәри жалғандай,
Болып едиң маған айдын таңлардай.
Ғаррыларды тамсандырған дәўрандай,
Енди қыялларда жарқ етти жаслық.

Мен айтқан сөзлерди айтты басқалар,
Билегиңди әлле кимлер дастанар.
Жүректе—от, көзлеримде жас қалар,
Әрман дәрьясына ғарқ етти жаслық.

Бизди алып кетти тағдир ағысы,
Биймәлим жоллардың жақын, алысы.
Кеңесбайдың шайырлықтан бары усы,
Бизди талай жөнсиз сарп етти жаслық...

* * *

Ылақ ойнаў, жолға шабыс, аттың да
Тамашасы көкиректи кернейди.
Бирақ, бизден соңғы әўладлар ўақтында
Шабыс түўе, киснескенин көрмейди.

Тулпар түўе, ат қалмай жақ түбинде.
Дөңгелеклер жетип атқан белес көп.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ат шабысын тартып алды бүгинде
Мотокросс, автокросс, велоспорт.

Ендигилер ат деп жүрмес ғамланып,
Шаўлықларым: — Ат дегени неси? — дер.
Бәлким, бизден соңғы әўладлар таңланып,
Ат дүбирин дәстанлардан еситер.

Бурынлары батырлардың жолдасы —
Атлар бүгин талап таппай губалар,
Жолларда бир сүрилместен жорғасы,
Зоопаркте темир тордан сығалар.

Атқа емес, машинға пул таярлар,
Атлар шығып қалды сыйлы сыйлықтан.
Ҳәм қутылды бизиң ерке ҳаяллар
— Атты байла! — деген қатаң буйрықтан.

Бурын атган артық көрмес қостарын,
Ат болыпты маңлайдағы жулдызы.
Бул заманның адамларын, досларым,
Қызықтырар шабысы емес, қымызы.

Әке, маған кеўлиң, қалыс ислесе,
Бир ат сақла, сонда чайың қонады.
Сол жәниўар гүлдир-гүлдир киснесе,
Бабаларым бозлағандай болады.

Сол атты бир минип шықсаң жумысқа,
Кеште шаршап қайтар болсаң үй таман —
Маман бийим бараткандай Русьқа,
Айдос бабам қайткан яңлы Хийўадан.

Бурынлары күлген атсыз адамға,
Енди болса ат сақлаған айыптай.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ат азайып баратыр бул заманда,
Океанға түсе алмаған қайықтай.

* * *

Алыс жоллар мени шақырар,
Асығаман әрманларыма.
Несийбемди жолда сапырар,
Ыразыман дәўранларыма.

Ыразыман мен саған, Ўатан,
Бүлбил едим, болдың бостаным,
Сен мийирман анам ҳәм атам,
Туўысқаным, балам, досларым!

Сенсиз жасаў-мениң ушын жат,
Етпегеймен бундай гүнаны,
Жүректеги тасқын муҳаббат.
Сенлик сезим болар мудамы.

Әрманларым—саған қалыслық,
Хызметинде болдым ересек,
Сәлем, саған, жарқын алыслық,
Сәлем, саған, нурлы келешек!

* * *

Ойлар, ойлар, дем алайық, кел, енди.
Сен де уйықла, Жулдызлар да уйқласын.
Ҳәм жағаға шығарайын кемемди,
Бүгин ескек еспей турсын ықласым.

Сен де дем ал, қағаз бенен қалемим,
Селтең бермей турғыл жүрек тарына.
Ертең тағы тыншымаған кадемим—
Сапар етер поэзия таўына.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сен де көзим, аз-маз кирпик айқастыр,
Ертеңги таң қыйын болар буннан да.
Сөзлер менен, ойлар менен айқас, тур,
Бәрин жеңип, шығыў керек шыңларға!

*Июль. 1975 жыл. Нө*

## ГҮЗДЕГИ ҚОСЫҚ

### I

Қызкеткенниң суўы ултанға тартылды.
Жуқа кийим жатырқады салқынды.
Гүз киятыр жапырақларға үйкелеп,
Қойнындағы таўсылмастай алтынды.

Әптап деген қапелимде „көзикти",
Шопан бүгин көл басынан безикти.
Гүз келди де шеттен шықты қаўсырып,
Жаз аңқайтып кеткен әйнек, есикти.

Ушар еди бәҳәрде ақ гүбелек,
Енди дүзде ушады ақ үпелек.
Әл ҳаўада тыррыўлайды тырналар,
Түслик жаққа жол алыпты төтелеп.

Диййқан бүгин жадыраса, болғаны,
Қыйын емес гүздеги ғырт жоллары.
Онда--дақыл зүрәәти бийесап,
Бул гүзден де оның кеўли толғаны.

Шапқан аттай өте берер гүз күнлер,
Ақ, сарыға боянады бизиң жер.
Еслетеди жүдеў адам сүлдерин
Липасынан айра түскен жүзимлер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Енди бағлар дәрўазасы илинген,
Рашларға қызыл байрақ тигилген.
Ақ бултларға ийек артқан ақ таўлар,
Гүздиң даңқын жая баслар бүгиннен.

## II

Сескендирмес мени ҳешкимниң ҳәмири,
Болғым келер бир нәўийе мәрт адам.
Еле бир ис тындырмадым мәнили,
Киятырған гүзим, сеннен қорқаман.

Гүз—бул шаштың ағы, беттиң әжими,
Гүз дегеним—ғаррылыққа өткелим.
Керек емес маған өмир ҳәзили,
Жаңа ғана басланғанда дәптерим.

Маған еле көринген жоқ шың басы,
Анық емес артымдағы изим де.
Еглене тур ғаррылықтың муңласы,
Тағдирим-аў, усы бастан гүзиң не?

Ҳәсирегим ғайып болды бир сестен,
Маған былай айтып турды ол сонда:
—Гүзден қорықпа, сен жапырақ емессең,
Сен адамсаң, сен—бәҳәрсең дүньяға!

*1975-жыл.*

## ҚЫЗЫМ

Күнлер өтти қуўаныштан мәс болған,
Күнлер өтти көзде моншақ жас болған,
Мениң жолым аласат ўақ басланған,
Бесигимди бомба тербеген, қызым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аямады көкиреги тас урыс,
Излеп жалаң аяқ, жалаң бас ырыс,
Балалығым өтип кетти асығыс,
Қайғырып, қуўанып ел менен, қызым.

Маған ойыншықтың болмай дәркары,
Бар қумарым мийнет пенен тарқады.
Оглы қуяш кептиргенде аққаны,
Шомылып жүргенмен тер менен, қызым.

Ата-анам ҳәрип билмес гөр саўат,
Ислей берген „қалта, шанаш толса“лап,
Китап оқып берсем мени дәў санап,
Басымды алымға теңлеген, қызым.

Аўылда ғаррылар көп еди онда,
Садақа, тойларда бас қурағанда.
От жаққышы болып бир үлкен тамда,
Дилўардың нелигин билгенмен, қызым.

Жоллар өтти сезбей қалдым шаңын да,
Өткен жоллар усайды тек сағымға,
Бахытымның пайғазысы—соңымда
Келесең мен жүрген жол менен, қызым.

Анаң менен сай қуўалап, жылға асып,
Ақшамларда уйқы орнына сырласып,
Гә ул дедик, гә қыз . . болды былғасық,
Ал ғарез, көристик сен менен қызым.

*1968-жыл.*

## ПАХТА МОНОЛОГИ

### I

Бул—питпес шежире, жыллар—жалғасы,
Әсирлер телмирип қалды артымда.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мойны узақ бул жолда ханлар арбасы
Маған емес, шапты ылғый алтынға.

Ол алтынлардың да арғы бабасы
Маған бес саўсақтай мәлим бурыннан.
Пахыр-пухараның селлеген жасы,
Казнасына алтын болып куйылған.

Дийқан қабағына қатқан уўайым,
Мени де ханамда күлдире алмады
Жаным кеңлик күсеп күйип удайы,
Мелле болдым, аппақ түрим қалмады.

Жерлер тақыр еди, суўлар тамтарыс,
Не сүргинлер дөнди елдиң басына.
Куйындай басланды талай арпалыс,
Түнектен жол излеп таң шуғласына.

Мен де халық кеўлиндей кемликте едим,
Аз едим жәмиси жетпесин заманда
Инсан түўе жерге теңлик пе еди?
Талай үмит унталанды табанда.

Қадақ, батпан болды өлшеў салмағым,
Қайыстыра алмадым кәрўан жолларды.
Дийқанның әрманы—мениң әрманым,
Қанатын қағалмай бәрҳа хорланды.

II

Зорлық-зомбылықлар қулап тахтынан,
Әмиў аспанынан көшти қара булт.
Болды үстемлердиң енди бахты—ғам,
Өз қуяшын тапты бул пухара журт.

Жерлер төсин өбип жағымлы бир леп,
Бәҳәр дийқанлардың қолынан тартты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Енди бағлар түўе таўлар да гүллеп,
Нурға инкар халықтың танлары атты.

Бул айдын танларда мың-мыңлап қоллар
Бир арзыў-үмиттиң тутып тутқасын—
Өмирге ашылды жаңадан жоллар,
Ығбал жетеледи инсан ықласын.

Бирақ сахраларға қазып каналлар,
Нәўпир суў апарыў мүшкил ис еди.
Әптапта қуўратып анызақ самаллар,
Гүлге отырғанда-ақ өртеди мени.

Трактор жетпеди. Гүнде, кетпенлер
Ҳасла таба алмады мениң бабымды.
Кешириң, сол ўақта мийнет еткенлер,
Кешир .. толтырмаған болсам қабынды!

Ол жылларды айтпа! Салма ядыма!!—
Дегендей боласаң ҳәзир, пахтакеш.
Сонда түсинсем де сениң дадыңа,
Шигитлерим түсер еди тапқа кеш.

Мен тилсиз нәресте, қайтип айтарман:
Тек те мийнет пенен гөззаллығымды.
Жазда жипек самал менен шайқалған—
Ақ алтынман деген абзаллығымды.

Сен түсиндиң дийқан, бирақ ерте еди,
Мың-мың гектар жерге жоқ дәдиmиллаң.
Ол жылларды айтпа! Қолың келте еди,
Суўға ынтық еди жер түўе жылған.

Мени кешир дийқан! Сениң улларың,
Атызымнан сапар әйлеп узаққа.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ел басына түскен мүсийбет жыллары,
Саған керек болса қаншама пахта—

Мен бере алмадым. Жетпеди жоллар,
Не күсесем, соны таба алмадым.
Қайтсин ғарры-кемпир, қыз-келин баллар,
Соларға түскенсоң мениң салмағым.

Гүзги ақшамлары малынып қыраўға,
Ғорек болып кирдим ҳәр шаңараққа.
Ҳәрбир шигитимди оқ десип жаўға,
Мени теңгерди олар қурал-жараққа.

Сол аўыр жылларды есиңе салсам,
Пахтакешим, тағы, тағы әпиў ет.
Елим, жерим енди көрмегей ҳаслан
Сен ушын, мен ушын ондай ақырет!

### III

Жерге нәўбет келди, елиме—дәўлет,
Ғурғын турмыс ашты кең дәрўазасын.
Мийнет—мәнет емес, ол сазы-сәўбет,
Елден елге жайды мәрт ҳаўазасын.

Әсирлер бесигинде қалғып атырған
Саҳраларды оятты техника сести.
Шешенлер сөз сөйлеп мениң атымнан:
„Шөллерде ақ таўлар үйемиз!“—десги.

Бәҳәр селинде де, жазғы әптапта,
Мени өсирди олар алақанында.
„Бизиң байлығымыз, нанымыз—пахта!“
Деген үмит соғып турды қанында.

Кеўлин думан басқан баяғы заманлар,
Мени тек кийимлик дақыл деп келген.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Енди шығып талай илгир маманлар,
Сәл кем еки жүздей заг алды меннен.

Мен мереке болып бул дуйым журтқа,
Тарттым тоқлық кәрўанынын дизбегин.
Ҳәм таў болып ийек артқанда бултқа,
Көрдим дийханлардың күндей жүзлерин.

Алтын қолларынды тырнамайын ҳеш,
Мен мамық пахтаман, жумсақ, минайым,
Бирақ тәбияттган қагал пахтакеш,
Кеўлиң мендей бола бергей илайым!

## IV

Сарғыш орайпекли шаққан нашардай,
Үстимнен асығыс гүз өтип барар,
Күн әбигер тартса нурын шашалмай,
Ханамда жумылмай көзим ағарар.

Өжет даўыл жулқыр ҳәмдам болыўға,
Ертең қар: „Биз де ақпыз, биз бенен қал" дер.
Лекин, шашылсам да дийқан жолында,
Атызда қалмайын, мени әдиўлеңлер!

Машиналар терсин, бармақлар терсин,
Қанша мийнетлер бар ҳәрбир ханамда.
Мениң шадлығымды, тойымды көрсин,
Берекет дарытайын алтын заманға!

*Октябрь 1972-жыл.*

## МЕН—ДИЙҚАНМАН!

Мен дийқанман, топырақтан нәр татып
Туўылдым ҳәм өстим дала таңында.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул дүньяның наны менен аўқаты
Үйилип тур күсли алақанымда.

Жерден таўып рәҳәтти, зийнетти,
Қалыс ықлас буркыраған булақтай,
Азат заман маған бәрин үйретти,
Жолларымды нурландырып шырақтай!

Көргеним жоқ мынаў жерге түңилип,
Қадир тутып, тиллесемен анамдай.
Бәҳәриў-жаз мың өлип, мын тирилип,
Гүзде ғана көсилемен даламдай.

Мен дийқанман! Бүгин усылай жар салып
Шықсам бәлент ақ таўлардың басына,—
Көкте жулдыз жилўа менен тамсанып
Сәўле шашар дәўир жылнамасына.

Тарийх кушағына қыса билмеген
Таўларға жарысқан пахта қырманым —
Бүгин тәрийпленсе миллион тил менен
Мен саған ырзаман жеңимпаз жылларым!

Мен саған ырзаман әзиз заманым,
Сен бәрин жараттың тек дийқан ушын,
Жаҳанға таныткан Совет адамын
Кудиретли тилсим техникаң ушын! —

Мен саған ырзаман алгын дәўраным,
Бахытлыман дийқаның болғанлығыма.
Саҳралардан тартып ығбал кәрўанын,
Шөллерди шәмензар қылғанлығыма! —

Мақтанаман, қуўанаман! өйткени:
Мен дийқанман топыраққа тил берген,
Мен дийқанман тәбиятқа гүл берген,
Көз алдымнан өтер бәҳәр өткели.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Мен нелерди көрмегенмен?! Жолларым
Қараңғы еди; Тайғақ еди, ғам еди.
Пыт-шыт еди басымдағы қорғаным,
Арзыў-әрман, аҳыў-зарым таң еди!

Сонша жерден алақандай жер тиймей,
Әмиўдәрья бермей тамшы суўын да—
Маңлайыма жағымлы бир жел тиймей,
Нелер дөҳмет етпеп еди бурында!...

Енди бүгин әрманым не, яранлар?
Бахыт қусы излеп тапты туғырды.
Гүнде орнында тракторлар ыңыранар,
Насослар музейге тықты шығырды.

Ата журтым тасқын дәўлет бағында
Елиў жасын салтанатлы тойлады.
Үш ордени—үш қуяшы таңында,
Мәнгилик нур емер Әмиў бойлары!

Мен дийқанман! Алғыс алып Ўатаннан
Ар-намысты халқым ушын арнайман,
Шамуратпан—академик атанған,
Абажанман, Атажанман, Нарбайман!

Мен Айымман, Амангүлмен мәрт қызбан,
Ақ алтыннан жарқыраған гүл жүзи:.
Техникаға тонналарды тартқызған
Үсенбайман, күлген алтын жулдызы!

Үббиниязбан, Алексеймен, салыдан
Сары таўдың шыңларына өрлеген,
Искендермен, булақ болып дарыған,
Ҳәм де Еллик саҳрасына төрлеген!

Мен Төрткүлде пахта еккен алымман.
Маңғыт жақта жаздым мийнет намасын.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Берунийде гүреслерге дабылман,
Хожелиде аштым пахта сағасын.

Кегейлиде ўақыт пенен жарысып,
Жедел болып араластым Шымбайда.
Шоманайда бозлар менен алысып,
Тахта бетте таптым быйыл мың пайда.

Ленинабад тиккен жаңа отаўым,
Қоңыратта зүрәәтке жол ашық
Нөкис—пахта, салы, бағлы мәканым.
Мойнақ келер маржанлары шоласып!

Шадлығымда жоқдур бүгин шегара.
Зүрәәт байрамы—мениң байрамым,
Зүрәәт байрамы—сениң байрамың,
Қуўан аўыл-аймақ, шадлан кең дала!

*1974-жыл.*

* * *

Кап-кара бултларды күн көзин басқан
Даўыл болып көшириўге шамам бар.
Бирақ, жүрегимнен көшире алмаспан,
Сениң турқың менен атыңды, нигар.

Маған таўды көшир деген абзалырақ,
Ҳеш қарсылық шықпас тили жоқ тастан.
Бир сөзинен таймас әкемди, бирақ,
Туўылған аўылынан көшире алмаспан.

* * *

Сен бәленттен келдиң, мен пәслеп қалдым,
Сездим, тағдийримиз бағдарлас емес.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Лекин, үмитиме шынтлап инандым:
Түсиўин билмеген таўларға минбес.

Сен ушын муҳаббат болды бир дәске,
Қулақ аспай кете бердиң аспанлап...
Бирақ, кейин сени түсирди пәске,
Ўақыт деген қудиретли баспалдақ.

* * *

Ким биледи кимниң қанша жасарын,
Ҳәркимниң бир шөкелеген таўы бар.
Адам болсаң, еглепбестен бас адым,
Жол жүрмесе аяқ сызлап аўырар.

Не деген кең туўып-өскен Ўатаның!
Излегениң жол-жөнекей табылар.
Бир мақсетке бойсынбаса сапарың,
Жолға шықпа, аяқ сызлап аўырар.

* * *

Биреўлер тойға баратса,
Биреўлер барар қазаға,
Өмирден мудам пал ақса,
Адам дегениң тоза ма?

Биреўлер уқсар темирге,
Биреўде ҳал жоқ тобаға.
Тойсын деген де өмирге,
Өлим дегени бола ма?

* * *

Көп мақталып ҳәзир де ҳәм бурын да,
Күшлилердиң даңқы елге таралған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Базда ойлансам: күшли жоқ-ғой шынында
Өз аўзына күши жеткен адамнан.

* * *

## ЭЛЕГИЯ

Қалды соннан берли пинҳан сырларым
Аўзы шешилмеген қапғайын мысал.
Қос арысқа жегип... өтер жылларым,
Сенсиз... достым, мени соқпақлар қысар.
Тағы да гүз келди... жасыл бағларда
Кеўлимдей сарғайды ана-тәбият.
Қуслар ушып кетти узақ жақларға,
Мәканлар қыдырып буннан да зият,
Суўлар тынып қалды сыңқылдап күлмей,
Сенсиз, шадлы сеслер еситилер талып.
Гүзги даўыл базда тыншыўды билмей
Салды саҳраларға алағадалық.
Гезенде қаңбақлар аўған жағына
Мени бирге алып қашқысы келер.
Жазықлыққа қарап... тағы, тағы да
Қос жанарым моншақ-моншақ жас төгер.
Бир даўыс қулағыма жетеди сонда:
„Басыңды көтергил, әй, тири адам!
Жас төгип егленбе бул кәрўан жолда,
Тағдир бәрҳа қырын қарамас саған!
Достыңды умытпа, өлмейди ол да,
Оны тирилтиўши я сен, я заман,
Жас төгип жылама бул кәрўан жолда,
Тағдир бәрҳа қайғы бермейди саған!..“
Мен өзиме келдим усы даўыстан,
Кеўлим ярый берди сениң барына.
Далаларды гездим бирге шабысқан,
Қадем аттым пахта атызларына.
Күлген ханаларды көриўим мәттал,

4—128



www.ziyouz.com kutubxonasi

Хошкеўил дилбарың түсти ядыма.
Муҳаббат... Айлы ақшам ҳәм бир түп ақ тал
Елеслеп мұң қосты бул фәрьядыма.
— Достың кайда кетти?—дегендей бәри,—
Ол қайларда? Неге жүрипсең жалғыз?
Кешир, жан достымның сүйген нигары,
Муҳаббат бағында жоқлама ҳәргиз!
... Бул мәзи жубатыў... Кеўлим сезеди,
Ҳәр атқан таң нуры сени жоқлатар.
Мени изине ертип самал гезеди,
Қалған изиң жүрегиме оқ атар,
Достым, жер үстинен көштиң бәтамам,
Күн батып баратқан ўақ еди сыртта.
Соннан берли ғамгүн ойға батаман,
Күн өз уясына шөккен ўақытта..

*1974-жы*

## МАҢҚЫШЛАҚ ДӘПТЕРИНЕН

*(қосықлар дүркини)*

Маңқышлақ.. Бул ярыматаў,
Өр Каспийдиң жолдасы бул.
Жийегинде толқын жатар,
Саҳраның көз жасы бул...
Бунда бәрқа түнек еди.
Жолын көмди долы қумлар,.
Тек азаптан дерек еди,
Үнсиз мүлгип атқан шыңлар.
Өз бәҳәрин күткен жуўсан,
Бир тербелмей солар еди.
Өз бахытын күткен инсан,
Жүрек болып соғар еди.
Сол жүректиң дүрсилине,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Алтын заман сести жетип—
Маңкышлактың шөллигинде,
Жапырақлады туңғыш бүртик,
Шөлистанды умыттырып,
Жапырақлар суўылдады.
Жартасларға шапшып шығып,
Каспий ессиз шуўылдады...

## ТАЎЛАР ДА ӨЗГЕРЕР...

Таўлар да өзгерер, бәри өзгерер,
Жер ҳушсыз дем алар гөззаллығынан.
Аспан ойға батар жулдыз сырынан,
Әрман да өзгерер, бәри өзгерер.
Жер үстин безеген тилсимли гүллер,
Талай ашылады ҳәм талай солар.
Бағлардың шайдасы жолаўшы бүлбиллер,
Бизиң ушын талай сайраўшы болар,
Жүрек бағындырып, өз жилўасына –
Геўдеге от жаққан кешеги дилбар,
Бүгин өз перзентин таң шуғласына
Ана муҳаббатын қорғаўға жоллар.
Ким кеше ойлапты бул қыя шөлде,
Дәўир романтикасы туўылады деп.
Баутин бул жер ушын жанын бергенде,
Болады деппе еди бундай қудирет!
Иван Грозныйдың канлы найзасы,
Шошаңлап өткенде бир заманларда,
Ҳәтте бас көтермей таўлардың тасы,
Бул жер уйқыда еди ғамлы таңларда,
Мәңгүр нәсиллери династиянын,
Қараңғы зиндан деп ойлады буны.
Ким бахыт ҳаққында ушырса қыялын,
Дәртли буғаў салып айдады оны.
Сонда ким ойлапты, бул қыя шөлде:


www.ziyouz.com kutubxonasi

Өседи гүл де, болады ёл дё,
Қала болады деп жасыл жамылған,
Жолдасы ҳәсирет кешеги жерде,
Инсан шадланар деп өз ығбалынан...
Таўлар да өзгерер, бәри өзгерер...

## ЕЛЕ БӘҲӘР АЛЫС...

Еле бәҳәр алыс, гүллер ҳәм алыс,
Қыс бораны ойнар саҳра қойнында.
Таўлар қабағында таранбас таўыс,
Атамның шашындай қар жатар шыңда.
Көз алдымда күлер таңдағы шуғла,
Бултлар кәрўанында қыялым ушар.
Аппақ қар көрпесин қымтанса жылға,
Ойнасы—даўыллар гүўлесип ашар.
Қуслар кетип қалған жыллы жақларға,
Түн нәпес ала алмас тентек бораннан.
Бултлар ығып кеткен бийғам ўақларда,
Жулдызлар телмирип күлки соранған.
Қысты сүймес едим, бирақ ол маған,
Бәҳәрдиң қадирин сөйлеп береди.
Әтирапты тинтип улыса боран,
Бәҳәрпаз жүрегим фәрьяд шегеди.
Қайдадур бир нама етеди налыш,
Еле бәҳәр алыс, гүллерҳәм алыс...

## КӨК ШАЛҒЫШЛЫ ҚЫЗ

Таңда сәлем берип нар толқынларға,
Каспий жағасында турыўым—турыў.
Көзлериме теңиз өзгермес сулыў,
Қыялларым жүзер көгис суўларда.

Кеме көшки таслап турды жағыста,
Нар толқынлар оны бесиктей шайқар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Теңиз шуўылдысы ҳәийиўин айтар,
Тыншымас суў әкетпекши алысқа.

Палубадан қарап бир теңизши қыз,
Маған былғап еди көк орамалды,
Асаў толқынларды кеўлиме салды,
Соннан берли аҳ шегемен тынымсыз...

Гейде тыншыр теңиз, гейде даўылсыз,
Гейде думан, гейде қуяш күледи.
Портқа талай-талай кеме келеди,
Бирақ көринбейди көк шалғышлы қыз.

Маған гүўлеп жетсе даўыллар қайдан,
Сорағым келеди, сорай алмайман...

## БУНДА БӘҲӘР

Бунда бәҳәр болды, мени лал етип—
Аңызақ самаллар бирге алып қашты.
Шәмензар гүллери сәўер яр етип,
Алдымда гә күлди, гә сыбырласты.

Теңиз ышқысының қумары менен,
Толқынларға атты ақ шағалалар.
Уйқыдан кейинги димары менен,
Бәҳәр ҳәйкеллерин тақты далалар.

Ақтаў ақшамларын қуўып жыраққа,
Толқынлары ақты ТЭЦ нурларының.
Илим вышкалары узақ-узаққа
Алып барды уллы өмир адымын.

Мәўсим қусларының сапарын қутлап,
Тынымсыз теңселди жасыл шақалар.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әл—аспан ҳаўайы келбетин бултлап,
Ярыматаў үстинде еңиреп барар...

Оның тамшылары саҳра төсинде,
Бағ ҳәм парклердиң есигин ашар.
Нәўше каштанлардың гүўилдисинде,
Мийнет бәҳәриниң қосығын баслар.

Мәңги қалса деймен усындай бәҳәр,
Бирақ та көнбейди тәбият заңы.
Мәңги қалса десем усындай бәҳәр,
Кең қушағын ашар саҳра қазағы.

## ҚЫЗЛАР ҚОСЫҚ АЙТАДЫ

Саҳрадан үркип туўлама, жигит,
Қызғалдақ келбетин урлама, жигит.
Желаяқ жейрандай зуўлама, жигит,
Маңқышлақта қызлар қосық айтады.

Шөлди шегиндирип поезд атылар,
Бахыт атын айтып қуслар шақырар,
Ер жигитке жолдас муҳаббаты бар,
Әнўар шашлы қызлар қосық айтады.

Шийрин қосықларды еситсе итимал,
Каспий толқын атып жағаға умтылар,
Таўларды, тасларды етип интизар,
Маңқышлақта қызлар қосық айтады.

Кел жигит, қосықтың қызған ўағында,
Ҳәм гүл ашылыпты таў қабағында,
Көзиң гүл тиленсе, ал, қулағында,—
Излеген гүллериң қосық айтады.

Ол қосықта жоқдур кеўилдиң доғы,
Оннан есер жаслық, дослық самалы,


www.ziyouz.com kutubxonasi

Саў бол, жаса азатлықтың заманы!
Сениң мәрт қызларын қосық айтады.

*1965-ж.*

## ИНСТИТУТ ОКТАВАЛАРЫ

### I

Пәк жүректе пәк муҳаббат туўылар,
Бийтаныс жол—жетелеген әрманым.
Менде Әмиўдиң шулғып аққан суўы бар,
Сениң менен өлшенеди салмағым.
Бағдарымда талай шыңның туўы бар,
Қушағыңнан басланады жолларым.
Саған мени алып келди балалық,
Енди сеннен алып кеткей даналық.

### II

Институт, билимниң кең гүзары,
Жолаўшыман ҳәр қадемге талпынған.
Сен жаслықтың Шымбайдай шар базары,
Инта, әрман тәрезиге тартылған.
Өмиримниң сап ҳаўалы азаны,
Дийдарыңды артық көрдим алтыннан.
Институт, арна болсаң мәўжирген,
Жағасына жүзип өткен мәртиңмен.

### III

Дарақ едим, жекке өскен караўсыз,
Бағман болып, тәрбиялап путадың.
Түпкирдеги бир гүл едим жамалсыз,
Сен узаттың сулыўлықтың китабын.
Адам едим адамлардан хабарсыз,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Аралаттын бәриниң де Ўатанын.
Мен палапан едим, алып қасыңа
Ушырдын ең бийик шыңлар басына.

IV

Студентлик—ләззети мол бәҳәрим.
Нәрўан жаслық жасылланып ырғалар.
Студентлик—шуғла ойнаған сәҳәрим,
Билим қуўған соқпақларым нурланар,
Студентлик—уллы өмирге сапарым,
Талай томда, талай тилде жырланар.
Студентлик—дослық сезим тараған,
Ең биринши ат көтерер аренам.

V

Институт, устазларым, досларым,
Хош бол,—деймен уллы пәрўаз алдында.
Жыллар өтти китапларды дастанып,
Билим ышқы пурсат бермей қалғыўға.
Бес жыл бойы әдетлендим басқаның
Дилўарсыған аўызларын аңлыўға.
Ҳәмме ақылға питик мынаў заманда,
Устаз болыў келип қалды маған да...

*1969-жыл*

## СЕНИ САҒЫНАМАН

Сени сағынаман, бүгин түсимде
Арыў жамалыңды көрдим қайтадан,
Сен шыңда екенсең, жерге түсиўге
Дизе бүгип мың тәўелле айтаман,
Шыңға өрмелейсең жаным, қайтадан.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Сени сағынаман ҳешким сезбеген
Татлы сезимлерден шығып бийҳалым.
Сен жерде екенсең, көрдим көз бенен,
Самал болып шашларыңнан сыйпадым.
Енди ойлар басқа, қыяллар басқа,
Тағдир басқа жолдан таслар қадемин.
Енди қызлар басқа, ҳаяллар басқа,
Сени сағыныў да — питпес ҳәлегим.
Билемен, сағыныш: от пенен суўды
Боран менен әптап әрман еткендей,
Сени сағындым мен. Сағынғанымды
Я күлип, я жылап тәрийп ет мендей...

*1971-жыл.*

## СЕН ҲӘМ ГҮЗ

Елеслейди көзиме қайдағы бир қыз ўағың...
Енди қуяш күлсе де тас төбемнен қызбадым.
Жапырақлар қалтырап, дәртин айтар самалға,
Жулқыр самал олардан шақаны да қызғанып...

Сағынаман сондағы түнги жүрек дүрсилин...
Кереги болмай қалыпты бағда сыпа гүрсиниң.
Соқпақтағы излер де көмилипти шаң менен,
Жалғыз ай тур аспанда мың жулдызға гүрсинип...

Күлкиңди айт, күлкиңди!
Қалып қойды-аў узақта...
Әрман болған қырғаўыл лаўлап атыр дузақта.
Жапларда суў тартылып, қырда жатыр балықлар,
Олардан да бул дүнья баратқаны узақлап...

Жаслықтағы шоқлығың мәңги қалар деп едим...
(Ким билипти өмирдиң шапқылап тез өтерин).
Шашыўына таласқан аўылдың көп қызлары
Өтип атыр тусымнан перзентлерин көтерип.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көринесең булдырап думандағы шырақтай,
Көмпек лаўыл уйтқыйды шаң-тозаңды шыдатпай,
Уясына асығар, онысыз да қысқа күн,
Кешки аязда адамлар жуўырып жүр сынаптай,

Сен турсаң да қасымда, сағындырар жас ўағың,
Шолпансыз бос қалғандай мөлдиреген аспаным.
Изсиз қалған соқпақтай құс жолы дәрт салады,
Ҳәр гүз келсе сени ойлап мен қартая басладым.

*1971-жыл.*

## ҮЙИМЕ КЕЛИЎШИЛЕРГЕ ЕСКЕРТИЎ

Печьлердеги от өшпесин, жансын гүрлеп муддасыл,
Нәрестениң шоқ күлкисин қоңсы-қоба тыңласын.
Көзлердеги жас тамшысы болып кеткей зым-зия,
Босағамнан атлар болсаң, күлимлеп кел, муңласым.

Анам шеккен азапларға төзе билмес ҳаялым,
Әкем өткен асыўларға қабарады аяғым,
Бизлер басқа жоллар менен атланғанбыз өмирге,
Үйге кирсең қайырлы жол тилеп келгил, қарағым.

Талай сапар ағат кеттим пархым болмай баладан,
Шалқама да түстим талай журт инанған жаладан.
Мениң жолым әдалатдур, жазатайым кетсем де,
Таза ҳаўа алып киргил, үйге келсең, жоражан.

Не кийип кел, өз еркиңде, қалпақлы я жаланбас,
Бизиң үйде сырт кийимге ҳеш қашан да қаралмас.
Ал ҳаялым қабақ шытса ўақтында чай әкелмей,
Онда маған уқсар жериң болмағаны, заманлас.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚОҢЫРАТ МИЙНЕТКЕШЛЕРИНЕ

„Жоллар узақ еди, жоллар еди шөл,
Сары уўайымлы еди саҳралар...“
Деп Жолмурза аға излегенде жол,
Жеткерди темир жол бахтыңнан хабар.

Тартып тоқ турмыстың сансыз кәрўанын,
Қушағыңда поезд зымырағанда,
Үстирт келешегиң—ығбал дәўраның—
Туў болып тигилер алтын заманға!

Бүгин ана—жерим баўырын ийип,
Ақ алтыннан гаўлар үйди жоталы.
Бүгин Қоңыратым, жулдызлар сүйип
Мәртебеңди қуяш тартты жоқары!

Даңқлы бесжыллықлар—пәрўаз шыңларын,
Бәлентшил қырандай уштың бийикке.
Мийнет гүзарында алға зырлаўың—
Мегзейди тулпарлар қуўған кийикке!

Бүгин ашылғандур сениң жамалың—
Онсегиз бәҳәрди көрген қызындай.
Желпип ескен сениң қоңыр самалың
Шыпалы екен Қараўымбеттиң дузындай!

Алтын көл айдыны толқымас енди,
Алтын көл ақ алтын теңизи болған.
Жаңа Қоңыратым кәмалға келди,
Телмирер Топырақ қаладай қорған.

Дийқан бахты ушын қосылып суўға
„Ықлас жаптан“ ағар ықлас—муҳаббат.
Салы қырманыңа шаншылған туўда
Желбиреп турғандай мәртлик ҳәм ғайрат!


www.ziyouz.com kutubxonasi

Сен ески ҳәм мәңги наўқыран жерим,
Ата-бабалардың тарийхы сенде.
Батыста бостаным, жол дәрбентлерин
Сорасам бәриниң тәрийпи сенде!

Туўылған жер ушын татлы сезимди
Бөлшеклей алмайман. Пүтини менен
Мен сени сүйемен, сениң өзиңди
Интизарлық пенен, жутыныў менен!...

Пахтаң, салың, малын қуўантар мени,
Қуўантар Үстирттиң газ булақлары!
Әдиўли Қоңыратым, қутлықлап сени
Тутарман атыңды таўдан жоқары!

*21 октябрь, 1974жыл*



www.ziyouz.com kutubxonasi

# НАМА ҚОСЫҚЛАРЫ






www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖЫРЛАЙМАН

Булбил түнеп бағларыңа
Жулдыз қонар тауларыңа.
Жүзим жайнап таңларыңа,
Ўатаным, сени жырлайман,
Ўатаным, мәңги жырлайман!

Дәрьяларын шалқып ағар,
Шөллериңди тинтер бәҳәр,
Шуғла шашқан ҳәрбир сәҳәр,
Ўатаным, сени жырлайман,
Ўатаным, мәңги жырлайман!

Шадлық толы қушағыңда,
Ләззетиңе тусалың ба?
Қанатымсаң ушарымда,
Ўатаным, сени жырлайман.
Ўатаным, мәңги жырлайман!

Алыстағы әрманларым—
Бүгин ығбал-дәўранларым.
Тартқан бахыт кәрўанларын,
Ўатаным, сени жырлайман,
Ўатаным, мәңги жырлайман!

*1972-ж.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## КОМСОМОЛ

Минез питип партияның салтынан
Пәрўаз алдың уллы елдиң даңқынан,
Сенде дәрья ағысы бар шалқыған,
Алты ордени күлим қаққан комсомол.

Дана Ленин иси болды бағдарың,
Халық көзинде күлди айдын таңларың,
Саҳраларда ырғатылып бағларың,
Мәртликлерге жоллар тапқан комсомол.

Сен бар жерде қорқытпас халық жаўлары,
Қырағысаң сен бүркиттей таўдағы.
Партияның қолдасқандай әўлады,
Бәлентлерге қадем атқан комсомол

Сен дүньяның жаслығысаң мудамы,
Сен елимниң жеткен мақсет-мурады,
Сен—дәрьясаң, ал, партия—мурабы,
Әбиҳаят болып аққан комсомол.

Елиў төрт жыл—сен гүресте талмадың,
Елиў төрт жыл—жетелеген әрманың.
Елиў төрт жыл—жеңис толы таңларың.
Коммунистлик шыңға шыққан комсомол.

*1973-*

## СТУДЕНТЛЕР ҚОСЫҒЫ

Билим—арна болса ағыўшы бизлер
Билим—шырақ болса жағыўшы бизлер.
Билим—шыңлардағы ғазийне болса—
Тилсим соқпақлардан барыўшы бизлер!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Нақыраты: Өйткени жүрекпиз науқыран,
Пәруазды үйренген өмирден
Алтын том дүньямыз шалқыған
Бағымыз—миййуасы төгилген.

Бизиң жолларымыз гүреске толы,
Бул жол Ленинизм—дослықтың жолы,
Ҳәрбир қәдеминде жаслығымыздың
Келешегин сөйлер халықлар ығбалы.

Нақыраты Дәрьяның сағасы тауларда,
Устазлар—сағамыз мәужирген
Жас өмир умтылған әрманға,
Жоллама аламыз ҳәр күннен.

Бизлер геологтай тыншымай ҳәргиз,
Сырлы китапларды тинтип карармыз.
Онда келешектиң асыулары бар,
Оннан жасау ушын нәпес алармыз.

Нақыраты: Студент—жаслық ғой бахытлы,
Қууаның студент болғанлар.
Бизлерге нурлы таң атыпты,
Бизики ең шадлы дәуранлар!

*1968-жыл.*

## АРАЛДАҒЫ ҚОСЫҚ

Бунда қамыслардың ырғалыулары
Арал бойындағы шәмендей болар.
Балықшы қызлардың ым қағыулары,
Жаслығына жарнақ дәмендей болар.

Күн батарда теңиз бетке қарасаң,
Домаланып толқын менен ағасаң



www.ziyouz.com kutubxonasi

Байлаўлы кемеден барын сорасам,
Күтип турған мениң кемемдей болар.

Излерине толқын ертип ағыстан,
Пароходлар келер, келер алыстан ..
Түнди оятып өкиргенде жағыстан,
Арал „бахытлыман!“ дегендей болар.

Ай жуптысы — жулдыз күлсе аспанда,
Мойнақ шырақлары сәндур ақшамға.
Арал қосық айтып шуўылдасқанда —
Кеўлим теңизде ескен самалдай болар.

*1966-жыл*

## КӨЗЛЕРИНЕ ИНТИЗАРМАН...

Түн жамылып күтип турман,
Келер ме деп ай барында.
Көзлерине интизарман,
Муҳаббаттың айдаўында.

Өртенсе де журек қанша,
Самалларға алданарман.
Шолпан жулдыз уйықлағанша,
Қыялларым әлўан-әлўан.

Салмадағы ағын суўлар
Сыңқ-сыңқ күлип атырғандай.
Кешеўиллеп ушқан қуўлар,
Жалғыз мени шақырғандай.

Жақтысы бар шетки әйнек,
Қос көзимди бәнтлеп тартар,
Елп еткендей суўдыр көйлек —
Суўылдаса жапырақлар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаз самалы елпип ескен,
Гәҳи ләззет, гәҳи әрман.
Жулдызлардай мөлтилдескен
Көзлерине интизарман...

*1970-жыл.*

## МУҲАББАТ ҚОСЫҒЫ

Гөззаллығын ана жердиң
Сеннен сездим, сеннен көрдим,
Жаслығымның гүлин тердим,
Бәҳәрдеги бағларымнан.

Мөлдир суўлы тасқын сайда,
Қарап турсам түнги айға,
Күлген көзиң болып пайда,
Ығбал сорар әрманымнан.

Ләззетке бай ышқы бағы,
Шашыма гүл қыстырады.
Мениң жаным ышқынады,
Нама күтип тарларыннан.

Қуяштайын кеўлиң ашық,
Жолларыма нурын шашып.
Болайық деп ашық-машық, —
Самал излер таңларымнан.

*1974-ж.*

## ҚЫЗ ҚОСЫҒЫ

Елпип ескен жипек самал,
Кимге-ләззәт, кимге-заўал,
Нәўбәҳәрден алып жамал,
Доландым яр, асық маған.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Шолпан ғайып таң шағында,
Ышкы толы қушағымда,
Көзге алданыш бир сағымға,
Қарандым яр, асық маған,

Сыңқ-сыңқ күлип ақса суўлар,
Шадлыққа өш жүрек туўлар,
Таўыс киби кербаз туўған,
Тарандым яр, асық маған.

Ғумша тағып жасыл жаздан,
Бир гүлзарда өскен қызбан,
Дерегиңди шоқ жулдыздан,
Сорандым яр, асық маған.

*1970-ж.*

## ҚЫЗЛАР

Бириңиз бәҳәрди сыйлап гүл менен,
Бириңиз муҳаббат отын үрлеген,
Жаслығым аласып сизде жүрмекен,
Өмирдиң заўқындай жайнаған қызлар.

Бириңиз жүректе даўыл турғызған,
Жилўаңа мың күнлеп бәзим қурғызған.
Жаслығым жол сорап алыс жулдыздан,
Соқпағыңды силтер ай маған, қызлар.

Бириңиз шадлықтың сазын шаласыз,
Бириңиз кеўилди жаўлап аласыз,
Муҳаббат дегениң дәрт пе даўасыз.
Мыңлардан жалғызды сайлаған қызлар.

Бириңиз дур киби шашылған ўақта,
Бириңиз гүл киби ашылған ўақта,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бириңиз күлкини жасырған ўақта,
Жаслығым жаҳанға сыймаған, қызлар.

*1972-жыл.*

## ЎАТАН

Ләззет шашар жасылланған бағларың,
Нурын төгер атқан шадлы таңларың.
Қайда барсам, жүрсем қайсы жолыңнан,
Күтип алар азат алтын дәўраным.

Қуяш кетпес аспаныңнан,
Мәртлик кетпес дәстаныңнан,
Уақыт сени жырға бөлеп,
Өтип барар аскарыңнан.
Мәңги саў бол, жаса Ўатан,
Мәңги саў бол, жаса Ўатан!

Бостан болды жатқан саҳыраў далалар,
Жаңа заман бахтын өбер қалалар.
Партия баслайды ленинлик жолдан,
Сениң даңқың жети ықлымға таралар!

Дәрьяларың ығбалымдай ағады,
Самалларың шадлығымдай шабады.
Таўлараңа қонып сөнбес жулдызлар,
Түнлериңде шамшырақлар жанады.

*1975-ж.*

## УСТАЗ

Устаз деген атыңды,
Жыллардан алып өтемен,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Үйреткен ҳәрип, хатынды,
Өмирге таўап етемен.

Зейинли тыңлап сабақты,
Өзиңнен тәлим аламан.
Басласам үлкен талапты,
Алдымнан сени табаман.

Қай исте болсын бәринде,
Өзиңниң нусқаў гәпиң бар.
Үйренген ҳәрбир кәримде
Тек ғана сениң атың бар.

Устазым, алғыс айтаман,
Алдағы уллы жылларда.
Ушаман тағы қайтадан,
Келешек деген шыңларға!

*1975-ж.*

## ЯР КҮТИЎ

Түнги жулдызлардың жымыңын бақсам,
Қойнына шақырар алыстан аспан,
Егер де жүрегиң болмаса тастан,
Муҳаббат бағына жеткил, нигарым.

Ўәдели ўақытлар өтип баратыр,
Тек қуслар уйқыда қақпас қанатын.
Ақшамның таң деген жаўы бар ахыр,
Дәртимди бөлисип шеккил нигарым.

Самаллар таллардың басын шайқайды,
Олар да кеўлимниң табын байқайды.
Муҳаббат дегениң болмас жай қайғы
Тусымнан елп етип өткил нигарым.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Көзлерим телмирер сениң жолында,
Тахатым тақ болар сениң жоғында,
Мың жигит болса да жүрген соңында,
Жүзиңди көрсетип кеткил нигарым.

*1976-ж.*

## БЕРУНИЙ ҚЫЗЛАРЫНА

Берунийдиң аспанында жулдызлар,
Жымынласса сайран етер гүл қызлар,
Бәҳәр бағларында жанласа сазлар,
Ырғағы дәрьяда ағыс болғандай.

Оқыса, билимге сүңгир тереңнен,
Ислесе, жер үсти әбден кеңелген.
Сүйсе, бахыт қусы кетпес төбеңнен,
Иззетлеп ийилсе қамыс болғандай.

Келбетине жаҳан қарап тамсанар,
Ышқыпаз кеўилге отлы ғам салар,
Көзлери безенген мисли хан сарай,
Зулпын тарағанда таўыс болғандай.

Далаларда гезсе жаздың самалы,
Жайнар Шаббаз қызларының жамалы,
Жилўа менен шалса шадлы наманы,
Ҳәрбири өмирге нағыс болғандай.

*1975-ж.*

## РОССИЯҒА

Узақ жолларында бахыт кәрўанын,
Қуўып жете алмады аға-бабалар.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Қараңғы қыпсалап қутлы әрманын,
Тағдир айдаўында адасты олар.

Қуяш яңлы әл аспаннан,
Бахыт яңлы адаспаған,
Уллы Ленин дана адам.
Россия, Россия!

Үзип әсирлердиң қуллық буғаўын,
Уллы Ленин бизди баслады алға!
Саҳралардан таўып өмир булағын,
Қадемлерди салды бир айдын жолға.

Тоғайларың жасылланған,
Жериң питкен ҳасыллардан,
Өттиң талай асыўлардан,
Россия, Россия!

Сеннен қудиретли Ўатан жоқ өзге,
Дүньяны тамсантар мәртлигиң, күшиң.
Арзыр топырағыңды сүрме етсе көзге,
Даңышпан Ленинди бергениң ушын!

Келешегиң жарқын болып,
Әрманларың алтын болып,
Гүллене бер даңқым болып,
Россия, Россия!

*1975-ж.*

## АНАНЫ ҚАДИРЛЕҢ АДАМЛАР!

Анасыз дүньяның жаны болар ма,
Адамзаттың жақты таңы болар ма!
Анасыз көринбес жарқын келешек,
Анасыз өмирдиң бағы болар ма?!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Нақыраты:

Ана болса алтын заман бар,
Дәўир жолын алға даўамлар,
Тиришилик тиреги болған -
Ананы қадирлең, адамлар!

Ана менен орынланар әрманым,
Ана менен гөззалланар дәўраным.
Ана менен бахыт бағы кулпырып,
Айдын нурлар шашып атар таңларым!

Нақыраты:

Ана болса дәрья ағар усылай,
Ана болса самал шабар усылай.
Ана болса өмир бәлент шыңларға,
Қыран яңлы қанат қағар усылай!

Нақыраты:

*1975-ж.*

## ХАЛҚЫМА

Келешекке баслап жыллар,
Дәўир саған берди ырбал.
Мәртлик орның—бәлент шыңлар,
Шақырып тур алға, халқым,
Сонда абырай, сонда даңқың.

Көкти қушқан ақ таўларын,
Елден алған мақтаўларын,
Күн шығыстан атқан таңын,
Ақ пейлиңдей, нур жүзиңдей,
Күлер түнериўди билмей.

Босағаңнан атлағанлар,
Уллы дослық лебин аңлар,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шадлық сазы тынбай жанлар,
Ҳәрбир аўыл аймағында,
Қызғын мийнет майданында.

Нур ойнайды ақшамында,
Гүл өседи тасларында,
Бахыт кусы аспанында,
Бәҳәрине ырза халқым,
Жүзиң жарқын, қолың алтын.

*1977-ж.*

## УЛЛЫ ОКТЯБРЬ

Үлкен үмитлерге баслаўшы болып,
Ленин ҳәм партия талпынтты алға,
Бүгин көкирекке шадлықлар толып,
Кушақласып карар орак ҳәм балға!

Уллы Октябрь,
Сениң жемисиң.
Мәңгиге жасайды,
Сениң жеңисиң!

Адам изин мың жыл сағынған тында,
Бүгин ырғалып тур мийўалы бағлар,
Куслардың қанаты жетпеген шыңда,
Даңқын жайып атыр жаңа әўладлар!

Уллы Октябрь,
Сениң жемисиң.
Мәңгиге жасайды,
Сениң жеңисиң!

Алпыс жылда өттик асыўдан талай,
Ырысқымызды үйдик бул алтын қолдан,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Нурлы келешек коммунизмге қарай,
Барагырмыз айдын Ленинлик жолдан!

Уллы Октябрь.
Сениң жемисиң
Мәңгиге жасайды,
Сениң жеңисиң!

*1977-ж.*

## БАХТЫМЫЗДЫ ҚОРҒАҒАНЛАРҒА

Сизлер аспандағы жулдыз көзлерсиз,
Сизлер дәстандағы даңқлы сөзлерсиз,
Сизлер қан дәрьясын кешип жаслықта,
Отларға да, оқларға да төзгенсиз!

Ҳәр жүректе, ҳәрбир кеўилде,
Сизлер қайта келип өмирге —
Әўлад пенен жасап атырсыз,
Қорғап қалған алтын дәўирде!

Сизлер өткенсизлер мәртлик асқарын,
Сизлерге жат болды қорқыў, жасқаныў.
Сизлер ерлик пенен қорғап қалдыңыз,
Ўатанымның қуяш күлген аспанын!

Ҳәр жүректе, ҳәрбир кеўилде
Сизлер қайта келип өмирге—
Әўлад пенен жасап атырсыз,
Қорғап қалған алтын дәўирде!

Сизлер бүгин ерликлердиң мысалы,
Сизлер бүгин өлмес өмир нышаны.
Сизлердиң даңқыңыз келешек гөзлеп,
Жыллардан, шыңлардан атлап ушады!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәр жүректе, ҳәрбир кеўилде,
Сизлер қайта келип өмирге—
Әўлад пенен жасап атырсыз,
Қорғап қалған алтын дәўирде!

*1975-ж.*

## КОСМОНАВТЛАР ҲАҚҚЫНДА ҚОСЫҚ

Дәўир ушты қыялдан да жоқары,
Космоста басланды илим бәҳәри.
Ленинлик заманның кең гүзарында,
Алға барар, алға, мәртлик сапары!

Қайда ерлик, сонда бахыт бар,
Пәрўазларды сүйер ўақытлар.
Сәўбетлескен жулдызлар менен,
Жасай берсин космонавтлар!

Айға жетги техниканың табаны,
Космос сырын ашты илим заманы.
Зәминнен аспанның төрине қарап,
Биринши рет ушты совет адамы!

Қайда ерлик, сонда бахыт бар,
Пәрўазларды сүйер ўақытлар.
Сәўбетлескен жулдызлар менен,
Жасай берсин космонавтлар!

Қаҳарманлық бир-биринен зыяда,
Азаматлар ушар қыйыр-қыяға.
Ўатан даңқын Ай, Марсқа апарған,
Биз мәңги ырзамыз компартияға!

*1975-ж.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МЕН ОҚЫҒАН МЕКТЕПТЕ

Мен оқыған мектепте,
Күнлер қызық өгпекте.
Каникулда үш бала,
Барып қайттық Артекке.

Жалқаў емес ҳеш бала,
Көтеремиз баслама.
Күнделикке түседи,
Сабақлардан бес ғана.

Мен оқыған мектепте,
Шадлық заўқын төкпекте
Ушқыр қыял соңынан,
Асығамыз жетпекке.

Бүгин билим аламыз,
Өсе берсин санамыз .
Ерген бизди ардақлар,
Уллы Ўатан—анамыз!

*1977-ж.*

## БАХЫТТЫҢ САҒАСЫ УЛЛЫ ОКТЯБРЬ

Басып өткен жолы тиллерде дәстан,
Уллы Октябрь—куяшлы аспан.
Ол бизге мәнгилик жақты жеткерип,
Ол бизге бахыттың сағасын ашқан!

Нақыраты: Октябрь—бизиң даңқымыз,
Октябрь—мәртлик салтымыз.
Октябрьден нур алып,
Алға, алға барар халқымыз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Алпыс жылда өттик ерлик сапарын,
Хош келдиң, гүлистан алпыс бәҳәрим!
Бахыттың сағасы Уллы Октябрь,
Жулдыздай көбейтти дослар қатарын.

Нақыраты: Октябрь—бизиң даңқымыз,
Октябрь—мәртлик салтымыз,
Октябрьден нур алып,
Алға, алға барар халқымыз!

Октябрь нәўпиртти ығбал булағын,
Питкерди халқымның мақсет—мурадын,
Бүгин абат заман саҳра қойнында—
Коммунизмге карай таслаўда адым!

Нақыраты: Октябрь—мәртлик даңқымыз,
Октябрь—мәртлик салтымыз,
Октябрьден нур алып,
Алға, алға барар халқымыз!

*1977-ж.*

## ЖАС ПАХТАКЕШ ҚОСЫҒЫ

Шөллердиң суўырып шаңын, қумларын,
Қенелтемен үлкемниң көп тыңларын,
Пахта менен алып табыс шыңларын,
Мәртликлерге қадем таслап бараман.

Атызларда техника қол қанатым,
Пахта даңқым, көрким ҳәм салтанатым,
Мени ардақлайды әзиз елатым,
Кәрўанларды алға баслап бараман.

Егинге толтырып елдиң даласын,
Ақ таўға бөлермен Әмиў жағасын,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тойларда жаңғыртып пахта намасын,
Қырманды бәленттен шашлап барaман.

Жас пахтакеш, мен наўқыран дийқанман,
Халкымды ақ алтын менен сыйларман.
Мәртлигимди алтын етип жыйнарман,
Қадемди мәрдана таслап барaман!

*1977-ж.*

## ШОФЕР ҚОСЫҒЫ

Айдын жолда машинамды заўлатып,
Уллы қурылысқа жүклер тасыйман,
Мәрт азамат екенимди анлатып,
Сапарларда шаршамайды машинам.

Алға, алға нәзер таслап,
Кабинада отырған —
Кәсибинен кәмал тапкан,
Мен шоферман мен шоферман!

Алысларда күтер мени қурылыс,
Жолдасыман ҳәр жолаўшы адамнын,
Маған аян ҳәр дәрбент, ҳәр бурылыс,
Лашыныман бул абадан заманнын.

Алға, алға нәзер таслап,
Кабинада отырған—
Кәсибинен кәмал тапқан,
Мен шоферман, мен шоферман!

*1977-ж.*

## ОКТЯБРЬ ҲӘМ БИЗЛЕР

Октябрь бизлерге мәңгилик ығбал,
Октябрь бизлерге бахытлы жыллар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Октябрь бизлерге бәрҳама қуяш,
Жолымызға оннан тарайды нурлар.

Нурымыз бизиң Октябрь.
Жырымыз бизиң Октябрь.
Инсан етип жаратқан—
Жылымыз бизиң Октябрь!

Октябрь бизлерге жайнаған шырақ,
Октябрь бизлерге мәўжирген булақ,
Октябрь бизлерге саррас айдын жол,
Келешекке алып баратқан пырақ.

Нурымыз бизиң Октябрь,
Жырымыз бизиң Октябрь
Инсан етип жаратқан—
Жылымыз бизиң Октябрь!

Октябрь бизлерге гулленген бостан,
Октябрь бизлерге тап-таза аспан,
Октябрь бизлерге абадан өмир
Авторы партиям—ол мәртлик дәстан!

Нурымыз бизиң Октябрь,
Жырымыз бизиң Октябрь,
Инсан етип жаратқан—
Жылымыз бизиң Октябрь!

*1977-ж*

## БУЛ БИЗИҢ ЖАСЛЫҚ

Билим гүзарында түскен жарысқа,
Ҳәр күн сайын қолы жеткен табысқа,
Жүрегин қарыған арға, намысқа,
Бул бизиң ығбалдур, бул бизиң жаслық.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаслайынан халық исине талпынған,
Мәрт коллары жаратылған алтыннан,
Ҳәр бир исте алғыс алған халқымнан,
Бул бизиң дәўрандур, бул бизиң жаслық.

Нәўбәҳәр апарған саҳра-шөллерге,
Гүлистан питирген бостан еллерге,
Табылған ҳәр исте, барлық жерлерде,
Бул бизиң жәўландур, бул бизиң жаслық.

Бүгин биз гезермиз билим арнасын,
Ертең биз шашармыз жүрек талўасын,
Мәңгиге қосықлар, сазлар жаңласын,
Бул бизиң бахытдур, бул бизиң жаслық.

*1977-ж.*

## СТУДЕНТ ҚОСЫҒЫ

Әрманым алыска қанат қағады,
Қыялға талпынтар бәҳәр самалы.
Түнлерде қалың том қойнын ақтарып,
Жарқырар ертеңниң айдын жамалы.

Билим бағында,
Илим таңында,
Жүрген ўағымда,
Уллы ислерди әрман еткен—
Уда [illegible]итпен!
Баз[illegible] ж.
Енд[illegible]ентлик—жаслығымның жолдасы,
Қанлы ур[illegible]ен басланады жол басы.
[illegible]илим шыңына,
Сениң өлмес өмириңді[illegible]әўран талўасы!
Мәртлигиңди айтып турар естелик.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Билим бағында,
Илим таңында,
Жүрген ўағымда,
Уллы ислерди әрман еткен—
Студентпен!

*1977-ж.*

## ШОМАНАЙ

Ығбал жулдызларың жанып төбеңде,
Мәрт жолына гүллер шаштың, Шоманай,
Айға дилгир арыў болып шәменде,
Бахытына кушақ аштың, Шоманай.

Бозларыңа қәдем қойып әрманың,
Самаллар шақырды жасыл бағларың,
Ақ алтын дизбеги болып кәрўаның,
Жарыс гүзарында тастың, Шоманай.

Мамыйдың даласы көнип ырқыңа,
Қутлы мәкан болды батыр журтыңа,
Халқың табыс шыңларына умтылар,
Алысларға тарар ўаспың, Шоманай.

Үстирт бәлентликтен телмирер саған,
Ақ алтын таўларың—даңқың параўан,
Пахта емес шаллық тердиң даладан,
Аппақ таңлар сен деп атсын, Шоманай.

*1972*

## СТУДЕНТЛИК СӘЛЕМ

[illegible] табысқа,
Гүз самалы атыз[illegible]мысқа,
[illegible] ығбалдур, бул бизиң жаслық.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мине, тағы ушырастық пахта қырманда,
Студентлик сәлем алып келдик, пахтакеш.

Сизлер жүрген дала ақ алтынның төркини,
Онда мийнет кең қадемин таслар бул күни,
Пахта терип, еситиўге шаллы күлкини,
Студентлик сәлем алып келдик пахтакеш.

Гүзги ақ булт бағдар билмей гезсе аспаннан,
Жүрегиңиз карар таппай дала дастанған.
Жаңадан бет ашар еле мәртлик дәстанған,
Студентлик сәлем алып келдик, пахтакеш.

Қолыңыздан бинә болар талай ақ таўлар,
Жүрегиңизге беккем орнар алғыс, мақтаўлар,
Бәри орынланар, түўесилмес пахтаң бар.
Студентлик сәлем алып келдик, пахтакеш.

*1962-жыл*

## ЕСТЕЛИК АЛДЫНДАҒЫ ҚОСЫҚ

Енди тулғаң қалды шырша тас болып,
Кеўиллерде қалдың мәңги жас болып,
Ана жанарындай от лаўлар мудам,
Гүллер ырғалады қарындас болып.

Аспан гейде түнереди,
Гейде жамғыр жаўады.
Адам түўе тәбият та
Базда жылап алады.
Енди жерди тапламағай,
Қанлы урыс табаны.

Сениң өлмес өмириңди ескерип,
Мәртлигиңди айтып турар естелик.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сталинградтан Берлинге шекем,
Бизди жаўдан қорғадың сен төс керип.

Аспан гейде жадырайды,
Жер—көкти нур сүйеди.
Адам түўе тәбият та
Даңқына бас ийеди.
Енди тасқа айланбағай,
Солдатлардын сүйеги.

*1975-ж.*

## СОЛДАТ АНТЫ

Тыңла Ўатан, тыңла халқым қаҳарман!
Перзентиңмен орын алған қатардан.
Сениң арың ушын, намысың ушын
Оттан өтип, қар дастанып жатарман.
Суўдан кешип, жаўға ғазеп атарман!

Тыңла елим, тыңла уллы Ўатаным!
Перзентиңмен, даңқлы солдат—атағым.
Сениң бахтың ушын, жасаўың ушын
Жолға түсер машақатлы сапарым,
Сени өбер жүректеги бәҳәрим.

Тыңла, халқым, тыңла ата-аналар!
Перзентиңмен менде күш бар, сана бар.
Сениң даңқың ушын, ығбалың ушын,
Сап муҳаббат оты қанды аралар,
Урыс зарпын тартпас жасыл далалар.

Тыңла ўақыт, тыңла алтын заманым!
Перзентиңмен тапқан мәңги кәмалын.
Сениң нурың ушын, шадлығың ушын,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Естиремен тынышлықтың самалын,
Сақ қорғайман әзиз Ўатан жамалын!

*1975-ж.*

## УРЫС ВЕТЕРАНЛАРЫНА

Сизлер сол жыллардың батыр жаслары.
Сизлер сол жыллардың мәртлик дәстаны.
Сизлер күнбатыстан шығысқа ушқан—
Жеңис бәҳәриниң қарлығашлары!

Сизлер өттиңизлер оттан, жалыннан,
Әжел басын ийип сизге табынған.
Урыс соқпағында изиңиз қалды,
Ана жерге тамған ҳадал қаныңнан.

Түтин жутқан дала сизлерди еслер,
Тоғайларда қалды отлы елеслер.
Ғазепли ескерткиш артында еле—
Жаңғырып турғандай қаҳәрли сеслер!

Сизлер сол жыллардың жас қыранлары,
Сизлер сол жыллардың үмит таңлары,
Бизлерге ерликти үйретип мудам,
Жасаң, саў бол, урыс ветеранлары!

*1975-ж.*

## ПАХТАКЕШ ҚЫЗ ҚОСЫҒЫ

Бәҳәр болып келсең, жигит, ўақтында,
Қосықлар айтарман пахта ҳаққында,
Сәўир болып шашларымды тарасаң,
Ертең отырарман табыс тахтында.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мейли сен, арнадан ағыс болып кел,
Шыңларға асыққан шабыс болып кел.
Ақ алтын тауынан көзлерим талсын,
Арзыў-әрманымдай алыс болып кел.

Кең далаға жарасады жасыл бағ,
Ғаўашалар күтип алар бас ырғап,
Қуяш болып келер болсаң далама,
Қәдемиңе төсек болар ҳасыл гәп.

Бүгин сәҳәр күлди аппақ ханасы,
Таңға диййдарласар диййхан баласы.
Кәрўан болып келсең, дәўраның болып,
Маған ерип шығар пахта даласы...

*Май, 1975-ж*

## МЕНИҢ БӘҲӘРИМ

Ғубарсыз аспанда жулдыз жымыңлар,
Ҳәрбиринде ушқынласқан жырым бар,
Түнлерде ай болып жолға шығыңлар,
Бул ләззетли жәннет—мениң бәҳәрим.

Бағларда самаллар баслар намасын,
Шөллер селлер менен табар даўасын,
Сәўир болып қыдыр елдиң даласын.
Бул қызықлы сәўбет—мениң бәҳәрим.

Дәрья ағыслары—мениң жаслығым,
Өмир нағыслары—мениң жаслығым,
Әрман жарыслары—мениң жаслығым,
Бул бахытлы дәўлет—мениң бәҳәрим.

Гүл болып ашылдым, тербең самаллар,
Маған келип қоның гөззал жамаллар,


www.ziyouz.com kutubxonasi

Шадлығыма шерик болың адамлар,
Бул таўсылмас зийнет—мениң бәҳәрим.

*Май, 1975-жыл.*

## ДӘРЬЯ ЖАҒАСЫНДА

Дәрья жағасында отырсам кеште,
Жағыста суўыллар көк кумлар еспе,
Кеўлим сергек тартып қарасам пәске,
Суўлар ҳағлар саған асыққанымдай.

Бул жерге жеткенде алыс жоллардан,
Барар мәканына сәлем жолларман.
Туўлап толқын хабар берер әрманнан,
Онсегизде саған асыққанымдай.

Гейде бирден умтылады жағысқа,
Гейде жәмлеседи бир жөн ағыска.
Сорағандай: еле мәнзил алыс па?
Тынбай ағар саған асыққанымдай.

Дәрья жағасында отырсам мудам,
Ўақыттың тезлигин сеземен суўдан.
Теңизге жетпесе таўсылар шыдам,
Бийтахат боп саған асыққанымдай.

*1972-жыл.*

## БАҒЫ-БОСТАНЫМ

Дәрьялықтан ессе бәҳәр самалы,
Жасылланар мәканымның жамалы,
Жериме бултлардан ықлас тамады,
Жыллардан көрк алар бағы-бостаным,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шөллерге де жетти өмир нышаны,
Сахраларды бүгин бағлар қушады,
Төбемизде дәўлет қусы ушады,
Жайнайды, жаснайды бағы-бостаным.

Түнеклерге дәўир нурын апарған,
Қудиретли халқым мениң қаҳарман,
Жарасықлы орнын тапты қатарлан,
Мәңгиге гүлленер бағы-бостаным.

Қуўаныш қыдырар аўыл-қаламда,
Табыслар таў болар жазық даламда,
Октябрь нурланткан алтын заманда,
Жасарып қулпырар бағы-бостаным.

*1977 жыл. Март.*

## МУҲАББАТ

Сен десе жүректиң оты лапылдар,
Сен десе дегбирден сасар ақыллар,
Сен десе жаслығым нурға жақынлар,
Күш бар ма өзиннен артық, муҳаббат.

Сен десе шәменнен гүллер терилер,
Бул жаҳан көзлерге гөззал көринер.
Сен десе кеўилдиң палы төгилер,
Өртерсең қойныңа тартып муҳаббат.

Сен десе куяшым парлар төбемде,
Үмитим ғамырын жаяр тереңге,
Сәрўи тал шақасын ийип төменге,
Зарлайды атыңды айтып, муҳаббат.

Сен десе ҳәсирет шадлық алысар,
Бир жолға екеўи мудам тарысар,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сен десе геўдеде козып намыс-ар,
Өзинди сүймесин қайтип, муҳаббат!?

*1977-жыл. Март.*

## МЕКТЕБИМ

Сенде тәлим, сенде билим арнасы,
Сенде шадлық, сенде жаслық талўасы,
Кушағыңнан басланады жол басы,
Жаса, жаса әзиз устаз-мектебим.

Сен оқытқан ҳәриплер,
Дүнья сырын тәриплер,
Балалықтың базары,
Келешектиң гүзары—
Тек өзиңде мектебим!

Сенде бахыт, сенде ығбал сөзи бар,
Сенде өмир, сенде дәўир жазы бар.
Сениң менен уллы тарийх жазылар,
Жаса, жаса әзиз устаз-мектебим.

Сен оқытқан ҳәриплер,
Дүнья сырын тәриплер.
Балалықтың базары,
Келешектиң гүзары—
Тек өзиңде мектебим.

Сенде мәртлик, сенде бахыт соқпағы,
Сенде мақсет, сенде үмит отлары,
Сениң менен қалар адам атлары,
Жаса, жаса әзиз устаз-мектебим.

*1977-ж.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## БАХЫТЛЫ БАЛАЛЫҚ

Бүгин бизлер жүзип билим арнасын,
Әрманлаймыз ертеңгиниң талўасын,
Билимли, ақыллы, ғайратлы болып,
Даўамлаймыз мәртликлердиң жалғасын.

Биз бахытлы баламыз,
Сабақтан бес аламыз.
Мектеп устаз бизлерге,
Ол екинши анамыз.
„Оқы, оқы, оқый бер"—
Деп тур Ленин данамыз!

Бүгин бизлер билим бағын аралап,
Изленемиз ертең ушын дана гәп.
Уқыплы, зейинли, мийримли болып,
Келешекке орнатамыз жаңа бақ.

Биз бахытлы баламыз,
Сабақтан бес аламыз.
Мектеп устаз бизлерге,
Ол екинши анамыз.
„Оқы, оқы, оқый бер"—
Деп тур Ленин данамыз!

*1977-ж.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

# Поэмалар





www.ziyouz.com kutubxonasi





www.ziyouz.com kutubxonasi

## БУЛТ ҲӘМ ҚУЯШ

Бул поэмамды бизлердиң бахытлы келешегимиз ушын курбан болған дәслепки комсомолецлердиң жаркын естелигине бағышлайман.

*Автор.*

Серпип ақ отаўдың аппақ түңлигин,
Уллы мерекени қыздырыў ушын—
Әңгимеге бузаў емизип бүгин,
Бир шағлап алайық енди, оқыўшым.

Ушқыр қыялларға болмай бәндүўан,
Шынлық ағысында салдаў тартайық.
Қашшанлар таркасты бултлар ҳәм думан,
Қуяш нуры менен жол алар қайық.

Бул ығбал қайығын толқынлар жуўған,
Оған ақ көкирек жанлар минеди.
Бағдарынан қайтпас, алжаспас мудам,
Ғайры тағдир емес ескекшилери!

Теңиз ўақыт яңлы тынымсыз, сергек,
Мен сондай өмирди сүйемен, жолдас.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Суўлары пал емес, болса да кермек,
Кудиретине басты ийемен, жолдас.

Бүгин сениң менен оңаша калып,
Сондай өмирлерди алайық ядқа.
Бул бахытлы күнин әдиўлеп халық,
Тәжим ете билсин алдыңғы әўладқа.

Өткен жоллар шаңы басылды қашшан,
Тоғай ҳәм шөллерден семди қыйқыўлар.
Енди қуслар сайрап пәрўайсыз ақшам,
Күндиз ол жерлерде жарқырар туўлар.

Өзге бир даўыслар гүңиренип онда,
Жалғар толғаўларын жаңа заманның,
Бурын қадем бармас неғайбыл жолда,
Барар жери мәлим бүгинги адамның.

I

Инанба, сен, арзыўлым мениң,
Ҳеш нәрсеге инана көрме.
Таўсылған жоқ еди ғой демим,
Мени қалай қыясаң гөрге.
Мәнзил шалғай, жол узақ еди,
Жаңа шыққан едик сапарға.
Әрман деген жалғыз-ақ еди,
Жары жолда күним батар ма?...
Қысқа өмир уйытқып қуйындай,
Бир орында тахат таппады.
Биреўлерден алған буйымдай,
Ким қастерлеп оны сақлады.
Инанба, сен, мени жоқ десе,
Өлди деген сөзди дарытпа.
Сағынышқа дадың жетпесе,
Күлип турман, тигил жарыққа.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жақты—жаҳан сеники, жаным,
Қаплап кетсин қарны тоқ бала.
Қуяш болса, мениң болғаным,
Бул дүньяда мени жоқлама.
Сол жылларды умытпадың ба,
Бала екенбиз еле мий шала,
Қалып еди үйдиң алдында,
Ҳақ жол тилеп әкең бийшара.
Сонда „әўмийин“ деўдиң орнына,
„Рахмет деп бузып алғанман.
Ойлайтуғын ўақыт болды ма,
Ўаз кештик—ғой талай әрманнан,
Болдың бахтым ҳәм сағынышым,
Сен жарлының жалғызы едиң.
Мениң ушын, тек мениң ушын—
Жарлы емес, хан қызы едиң.
Дийдарыңды көрмедим жырақ,
Аспандағы Шолпан жулдыздан.
Ел рәмәўзин аңласам бирақ,
Сымбатына көп еркек қызған.
Қашанда да даңқын жаяды,
Сулыўлықтың жаўы бир талай.
Болсадағы үш-төрт ҳаялы,
Айттырыпты Палым деген бай.
Жарысын деп жарлы пахырлар,
Бай мардыйып сақыйлық пенен—
Тез узатсын, ўақыт дым қырўар,
Елли туўар қалыңын деген.
Биреў күлди, биреў қызғанды:
Биреў нәлет айтты Палымға,
Көз көреки сендей қызларды,
Ким атқысы келер жалынға.
Суў түбинен тапқан гәўҳарды,
Қайтып суўға таслап болар ма?
Таўда шапшып өскен арқарды,
Ҳәрким ата билмес сонарда.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Таўығына „төт“ демей ҳешким,
Ийтине „жит!“ демегенликтен—
Парқын билмей азанның, кештиң,
Турмыс ғамын жемегенликтен—
Қоқырайып тепкир қораздай,
Ҳаял санын мәртебе санап—
Өли үстинде шалынған саздай,
Бай исинен тиксинди елат.
Гүзги талдан түсип болмаған,
Қалтыраўық жапырақлардай,
Бирең-сараң, ҳәтте онлаған—
Жалпылдаққа ийе еди бай.
Олар байдың қас-қабағынан
Аңлар еди өз напақасын.
Журдай болып намыс-арынан,
Сабар еди жалғыз атасын.
Тек бай ушын иследи бәрин,
Ол „өл!“ десе, аўзы кемсеңлеп,
Ишти жағымпазлық зәҳәрин,
„Әрманым жоқ енди өлсем“—деп.
Ядыңда ма, сол ўақлардағы
Қыйын жоллар, аўыр мусаллат.
Жетпесин деп нурға алдағы,
Жаўлар қоймақ болды тусаўлап.
Биз қус болсақ пәлпеллеп ушқан,
Қырқпақ болды қанатымызды.
Мийрими жоқ нәлетий душпан.
Қуртпақ болды елатымызды.
Тулпар болсақ, олар тас болып,
Қаға берди туяғымызды.
Азатлыққа жаны қас болып,
Өзлеринше келешек сызды.
Жас мәмлекет—жаңа заманды,
Нәресте деп ойлады олар.
Ҳүкимет деп айтқан адамды,
Ермек етип ойнады олар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бийик шынар басына қонған,
Ғарғалардай ғақылдасты да—
Келер болса тек аз-маз қолдан,
Түн орнатпақ аспан астына.
Бәрин, бәрин қалай айтарсаң,
Таўысыў да қыйын сырларды.
О, әрманлы гүлим—Айпаршам,
Сен де есле алыс жылларды.
Руўхымды түсир ядына,
Қарар көзин басымда жансын.
Жүрегиңе шөккен дадына
Жақты жаҳан қулағын салсын...

II

Қартайдым-ғой... Шашларым қуўдай,
Көзлеримниң нуры да қашты.
Қудықтағы бийтаныс суўдай—
Тағдир деген гә пал, гә ашшы.
Енди сенин басына зорға
Ҳаса менен келип кетемен
Ақлықларын көрер деп жолда,
Таса менен келип кетемен.
Ўақыт тартты қанша кәрўанын,
Табылса да алға тутар гәп—
Олар қайдан билсин, Палўаным,
Қандайлығын қыршын муҳаббат...
Жыл қуслары талай мәртебе
Арқа менен қублаға өтти.
Бизлер салған жолды ертеде
Алма гезек булт, қуяш өпти
Айтыў қыйын бәрин шамалап,
Ҳәзир ертек сыяқлы шын-әм.
Сеннен қалған жарғы шаңарақ,
Даўылларға берди ғой шыдам.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Сенсиз талай таңлар ағарды,
Сенсиз талай исти басладым.
Бул күнлери болды ғой ғарры—
Сол баяғы табақласларың.
Сен әлемнен жоғалған менен,
Жулдыз болып кеўлимде жандың.
Булт екен-ғой ҳәсирет деген,
Самал қуўған алдында таңның.
Еле-еле кетпес есимнен,
Табыстырған дәслепки демлер.
Жүрек шықпақ болып төсимнен
Қуўандым аў, тунғыш әменгер.
Жолым думан, алдым қараңғы,
Сүрнигиўде еди тағдирим.
Жаслығымда таппай аланды,
Тар қапесте шықты дәлдирим.
О, көрмедим, жаным, нелерди?!
Еркин дәўран болды ғой қамал.
Мен гүл едим, күйдире берди,
Саҳрадағы аңызақ самал.
Байлар ушын мәзи зат едим,
Тек мал менен өлшенди баҳам.
Кеўлим өртен, бийтаҳат едим,
Тыңланбады ҳеш бир мүддәәм.
Тек сабақтай тамыры менен
Жасап атқан миййўа ағаштай—
Кем-кем солып барар едим мен,
Бәҳәрлерде гүлимди ашпай.
Сонда сени көрип тосаттан
Үрксемдағы шөл кийигиндей—
Қараңғыдан мәңги босаппан,
Ерлер менен ҳуқуқым теңдей
Қыз болыппан, тағдирге қара!
Енди әззилик етер қалың мал.
Мойынламай буны гейпара,
Соңғы уўын шашты Палымлар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қуяшқа тик қарай алмаған
Көзлер яңлы аңлар тағы да,
Анық нәзер салмады саған,
Түсинбеди ырбалларына.
Таў бүркити қақса қанатын,
Бир нәрсениң аңғысын аңлар.
Сонда сениң шапқан қара атың,
Алып келди бул жаққа таңлар.
Басына жип тиймеген ҳасла
Тайыншақтай асаў жасларды—
Түсирдиң де қызғын таласқа,
Басқаша бир турмыс басланды.

III

Есиңде екен. Айпаршам мениң.
Ядыңда екен сол ески нама.
Кеўлин бәнтлеп алған ҳәмменин,
Қыян-кести умытыла ма?
Жолдас болды шадлық ҳәм қайғы,
Сәл босассаң, гарқ болар кемең,
Халық жаўлары аспанда айды
Жаппақ болды етеги менен.
Олар ушын жаңа ҳүкимет
Әзирейли болып көринди.
Басларынан тайды қудирет,
Қуяш елеслетти өлимди.
Аўылыңа келген сапары,
Ҳешким күлип бақпады маған.
Селкилдеген аппақ сақалы—
Ғаррылар-әм тайдырды табан.
Биразлары мени табалар,
Күтпегендей ҳешким жақсылық.
Ҳәтте ойнап жүрген балалар,
Қарай берди маған жатсынып,
Үйир табыў түсти қыйынға,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳəмме меннен алыслап атыр.
Журттың басын қурап жыйында,
Уаз оқыў да керек ғой, ахыр...
Партияның тапсырмаларын
Жеткермесем, пайдам не мениң?
Билсемдағы тосқынлық барын,
Басын бурмай минген кемениң—
Бара бердим мақсет жолында,
Таптым талай машақат ебин.
Не зат болса байдың қолында,
Дийқанларға берейин дедим.
Үни шықпас жалғыз ғарғанын,
Шерли болар жалғыз арыслан.
Нийетиме жете алмадым.
Келген қызыў пəтте алыстан.
Биреў алға тартса арысты,
Биреў тартып кетти қапталға,
Биреў жатып алып тарысты
Биреў қорықты адым атлаўға.
Колхоз десе жыйырылып биреў,
Мойын тартты кирпитикендей.
Терең суўға бойламай тиреў,
Бийбағдар халық теңселди сеңдей.
Пəми алыспай не боларына—
Биреў шешим айтты дусмалдан.
Алмақ болып өз сорамына,
Биреў қамшы болып жумсалған.
Усындай бир қысылшаң ўақта,
Аўылыңа келип қалғанман.
„Нең бар еди сениң бул жақта,
Қой, саяңды салғыл арманнан!"—
Демесе де ҳешким батынып,
Айтпаса да тоқ егер жерин,
Өзлеринде болды шақырық,
Өзлеринше тарқатты шерин.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Батрачком Аманбай аға
Ең биринши танысқан кисим.
Ийи бослаў адам болса да,
Сақ ислейди екен ҳәр исин
Әдди-үлдин усы аўылдың,
Билип алдым батрачкомнан.
Ҳәм астына түсип аўырдың,
Тайынбаўға бул айдын жолдан —
Ант еткенмен! Жаным, Айпарша,
Сол күнлерди еслейсең бе сен?
Көз илмеген ақшамлар қанша?!
Ғабырыстым, өзиң билесең...

## IV

Уақыт тартты сансыз кәрўанын,
Енди бәри түстей мазалы.
Жол басланған ўақта, Палўаным,
Жаслық дәўир болды азалы.
Қуяш едиң аспанымдағы,
Нур жүзиңе өш болды бултлар.
Шадлық едиң жас жанымдағы
Әзлар күллеп, мақтады журтлар.
Сенсиз, жаным, түнги ўақларда
Қус жолына қарайман тынбай.
Ол созылар қара мақпалға
Түсип атқан шаң тозаңындай,
Бир гезлери екеўимиз үнсиз,
Тигилгенбиз бул көриниске,
Түнги аспан болса да тилсиз,
Көп нәрсени салады еске.
Алтын яңлы қум басып кеткен,
Узақ өтмиш—емис-емис нур,
Еслейди бәри бир шеттен,
Тек те сенлик дийдар кемисдур.
Өз отыма өзим мазлайман,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Кеўлим базда ҳүўлеп кетеди.
Гейде көппен, гейде аздайман,
Қайда апарар тағдир жетеги?...
Сен аўылға араласқаннан,
Самал менен шапты дуў-дуў гәп.
Биреў ерсе, биреў жасқанған,
Мәнзил таппас жүреклер туўлап.
Аскар таўдай болып ҳәр төбе,
Халық таўысқан еди дәрманын.
Ядында ма, туңғыш мәртебе
Сени қалай карсы алғаным?
Көз астынан тасалап әсте
Үзип-үзип қарап қойғанман.
Нашар едим өмири қасте,
Қутылмаған муңлы ойлардан.
Билмеймен ким айтканын саған,
Үйге келип бир күни кеште,
Бир саўалды тасладың маған.
Ойлап көрген жоқ едим ҳеш те.
Оны ойлаўға жетти ме дадым,
Билиў қайда ержеткен менен?...
„Бахыт деген не?“ деп сорадың,
Мен уялып қарадым төмен.
Жуўап күтип тигилгенинди
Сезип турман қарамасам да.
„Таппадың ба елден теңинди,
Палым ким?...“ деп сорамасаң да —
Усы гәптиң кеўлиңде барын,
Сада жүрек аңғарған яңлы.
Билмесем де куяш хабарын,
Дәргайымда көрдим саяңды.
Нашар ушын бахыт деген не?
Байға тийип, бала туўыў ма?
Артыкмашлық болса денеңде,
Еркек ушын пидә қылыў ма?
„Шашы узын, ақылы қысқа“,


www.ziyouz.com kutubxonasi

„Ғайратланса қайнатар қазан“,
Деп бизлерди жазғырған дурыс па?
Билмегенше қашты-ғой мазам.
Қуяш ҳәм булт алмасты қанша,
Жаўып өтти талай қар, жаўын.
Тыңлайыншы мийрим қанғанша,
Өзиң айтқыл, жаным, аржағын...

## V

Аўылыңда көп еди жаслар,
Тил табысыў болмады аңсат.
Ҳеш нәрседен хабарсыз баслар
Жол бойынан изледи жансақ.
Жулдызлардай булт тасалаған,
Ай жүзлерин бүркенди қызлар.
Жатырқасып қарады маған,
Көзлеринде от пенен ызғар.
Бахыт деген танысық сөзге,
Қулақлары үйренбей онша —
Қазан урып, солажақ гезде,
Жайнадыңлар, гүлим, Айпарша
Қарны менен қара жер сызған —
Өгиз яңлы нәўше гүллерди
Басып-женшип отлаўға қызған —
Байлар бизге көп кесент берди.
Олар таплап муҳаббат бағын
Шеңгел көмип ышқы жолына,
Мақсетине жумсап бар малын,
Қаратпақшы болды қолына
Сезим не ол? Жүрек деген не?
Олар ушын дүнья—заўықтай.
Ҳаялларды санап төменге,
Ғаўқыйысты түйетаўықтай.
Ҳаял-қызға теңлик әперген
Ҳүкиметке шекелеп қарап —



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сақланыўға қаўиптен, қатерден,
Тоғайларда топлады жарақ.
Гүдер үзип жарлыдан, аштан,
Татпақ болды бурынғы палын.
Қараўылды буўып бир ақшам,
Айдап кетти колхоздың малын.
Турған жаў жоқ гөзлеп атыўға,
Ўақыт қырўар ойлап, толғанар.
Аўылларды ыдыратыўға
Үгитледи думше моллалар.
Бирин енди тиклеген ўақта,
Екиншиси шарта қулады.
Ҳәм таласып турды бир жапқа —
Өлим каны, өмир булағы.
Ядыңда ма, арзыўлы дилбар?
Сол жылларды ядыңа алшы...
Зулым тағдир аяўсыз былғар
Үстимизден жылан көз қамшы.
Ядыңда ма жулдызлы ақшам?
Оҳо, жаслық ўақтымыз еди.
Ҳәм қушағын кеңирек ашқан
Сол түн түңғыш бахтымыз еди!
Сонша жумыс, сонша баса-бас,
Ат үстинде езилген едим.
Муҳаббатсыз адам жасамас,
Буны ерте сезинген едим.
Сени байдан қызғыштай қорып,
Үйбетиңнен айланар едим.
Билмесем де сырыңды толық,
Бир жилўаңа байланар едим.
Ала көзиң урлап қараған
Оқтай болып қадалар еди.
Айтқышласа сени ҳәр адам,
Кеўлим әбден қабарар еди.
Комсомолға ағза болыўға



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бирең-сараң жаслар келсе де,
Көзим дилгир еди жолында,
Ал, сен келмес едиң кеңсеге.
Ҳәм коммунист Ержан ағаның
Тапсырмасын булжытпаў ушын—
Паркын таныл актың, караның
Айырыўға кетти тынышым.
Жаслар кетпей бул жолдан бөлек,
Баслаў дәркар орап алдынан.
Келешекке жетелеў керек,
Көз алдынан таркасын думан.
Көп еди ғой путақ терискей,
Көмеклескен кимлерим болды?
Бири питсе, бири келиспей,
Қан жылаған күнлерим болды?
Қайтейин мен, қайтейин жаным,
Еле толық айланбай қурдан—
Лаўлатсам деп ушкыннан жалын,
Жас едим ғой лапылдап турған.
Ата-анадан айрылдым ерте,
Көз жасымды кыршындай төктим.
Балалыкта бола алмай ерке,
Машақатлы соқпақтан өттим.
Мал сонында жуўырып-желип,
Шадлығыма жете алмадым.
Бир тирилсем, тағы мың өлип,
Қанша хорлык көрди Палўаның!
Енди бәри түске тақаббил,
Енди бәри шапқан қуйындай.
Өтип кетти күнлер такәббир,
Енди бизге бахыт буйырғай!

## VI

Өмири қысқа жулдыз болды ол,
Дәрья болды суўы кесилген.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Арқан бойлы шадлығымыз сол —
Ўа, Палўаным, кетпес есимнен.
Тек, сәскеге шекем қуяшым
Аспанымда жаркырап жүзди.
Сәскеден соң бахыт уясын,
Ысқырысқан жыланлар гезди.
Бәри, бәри кеше болғандай,
Мени изиңе батыл ерттиң де —
(О сондағы қуўаныш қандай!)
Алып келдиң узақ Төрткүлге.
„Оқы"—дедиң. „Билим ал"—дедиң,
Келешекти тапсырдың зинҳар.
Енди болмай сен бир әллеким
Маған шыннан болған едиң яр.
Палўаным аў, көзимди аштың,
Турмысымыз жарасар еди.
Ҳәммеси де дөгерек-даштың
Екеўимизге таласар еди.
Уллы Ленин берген бахытты
Жүрегиме еткенмен таўап.
Сен арқалы уқтым ўақытты,
Сен арқалы ашқанман саўат.
Комсомолдың жумысы менен
Кеттиң талай узақ сапарға.
Дүзилди көп ячейка деген.
Қорған болған намысқа, арға.
...Бирақ, мекнен бийнесип қалған
Палым байдың уйқысы қашып,
Айрылса да дүньядан, малдан,
Өш алыўға болыпты ашық.
Қараңғыда сумлар бирикти,
Пайы пайлап тепти еңсеге,
Колхозларға салып иритки,
Ҳәм от берди склад, кеңсеге.
Ара-тура шықты ғалаўыт:
Жаў аз емес, жаў деген нобай.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аўылдағы қуйрығын таўып
Тамырына балта урыў оңай!
Жоқ, жоқ, жаным! Оңай емесин
Соңлаў билдим, түсиндим соңлаў.
Урындырды соңғы елесин,
Ерге бәҳәр, жер еди тоңлаў ..

## VII

Аспанда булт сиресип қалған,
Шаң суўырып уйтқыйды даўыл.
Жапырақсыз сып-сыйдам талдан,
Сыйқы қашып көринер аўыл.
Қурсағы аш, сырты қорениш,
Журт шөп басы елп етсе, жалтаң.
Болайық деп халыққа тирениш,
Қиятырмыз үш атлы салтаң.
Адам түўе, жаным аў, онда
Қара жердин өзи де сарсаң,
Төрткүл бетте узатып жолға,
Қарай-қарай қалдын, Айпаршам.
Қардың жуғы ат қасқасындай
Ағарады ҳәр жер, ҳәр жерде,
Март кирсе де боран басылмай
Тоңдырады қоңылтақ ерде.
Қасымдағы еки жолдасым,
Ҳүкимет деп қан төгип мудам—
Тиккен талай өлимге басын,
Бири нарком, бири ГПУ дан.
Жыл қусындай талған қанаты —
Сегбир тартып узақ-узақтан
Аўылына кирген заматы,
Бир сум хабар түсирди аттан.
Өткен ақшам колхоз баслығын
Бир жаўызлар сойып кетипти.
Қайтармаған бул да қаслығын,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Кеңсеге от қойып кетипти.
Қылўалары аздай бурынғы,
Қаллаш малын айдап кетипти.
Ҳәм ақсақал Дәрман мурынды
Бир терекке байлап кетипти.
„Бай баўырына кирдиң тебендей
Түсинерсеңенди қатенди,
Қызынды тап, ахмақ!" дегендей,
Атып кеткен сениң әкенди.
Аўыл иши уў-шуў, қум—қуўыт,
Араласқан қан менен көз жас.
Күлки изин ҳәсирет қуўып,
Дағдарысқа түсти жалғыз бас.
Гүман еткен адамларымыз
Таппырмады, изледик шеттен.
„Сизлер де,—деп,—намыс-арымыз".
Мәгер, жаўға қосылып кеткен.
Ойланыўға ўақыт қысталан,
Бир адамды жоллап орайға—
Атқа қонып он-онбес адам,
Шаўып кеттик қалың тоғайға.
О, Айпаршам, тағдир дегениң,
Болады екен буншама сықмар.
Шолпандайын көзиңди сениң.
Қаплап кетти қап-қара бултлар.
Жалын еди жүрегим сонда,
Қуяш еди шыққан сапарым.
Наган емес, гүл алып қолға
Бармақшы едим саған, бәҳәрим.
Қандай қыйын: егилген егин
Солып қалса жете алмай гүзге.
Әзиз әке болмақшы едим
Туўылажақ перзентимизге.
Әрманларым көп еди, жаным,
Қарсы едим көз жас төккенге,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бахытым деп азатлық таңын,
Алға шаптым талай өткелде.
Мен шадлықтың ашығы едим,
Машақатлар ирикти жолымнан
Ҳәсиреттиң қашығы едим,
Лекин, жетип алды соңымнан,
Не болғанын билмеймен бирден,
Мылтық сестин шалды қулағым.
Ширенип-ақ отырған ерден
Бир тәрепке қарай қуладым
Еки аяғым шықпай зәңгиден,
Сүйретилип кеттим тоғайда.
Питти жырым, питти әңгимем,
Хош аллияр айтысыў қайда!
Ат туяғы араларынан
Соңғы рет қарадым көкке:
Қуяш күлип қарады маған,
Түнерискен булғлар көшпекте.
Көрип қалдым аттың төсинде,
Бул дүньяның кеп-кең аспанын.
Ал, аржағы жоқдур есимде,
Тиришилик екен қас қағым.
Жер үстинде жоқпан ғой енди,
Қыйналарсаң, басты шайқарсаң.
Отыз көрмей Палўаның өлди,
Жыламағыл, гүлим, Айпаршам...
Комсомолдың садық солдаты
Шын коммунист жүреги жасар
Ел деп көзин жумғанның аты,
Талай жыллар жолынан асар.
Мен баслаған жолдан адаспа,
Нәмәрт деймен сәл-пәл шайқалсаң.
Енди өзиңнен ғамды аласла,
Ҳәм бир күлши, күним Айпаршам!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## VIII

Күлемен ғой, күлдим ғой талай,
Бирақ, умыт болар ма әрман.
Ярым әсир мен саған қарай
Зыяратқа келемен, Палўан.
Узақ турып қабириң басында
Ядқа аламан жаслығымызды.
Ҳәм еслеймен түн ортасында,
Тең бөлискен дастығымызды.
Уллы болдым. Атын Дәўран деп,
Қойып берди қатар досларың.
„Айнымаған нағыз Палўан" деп,
Жесирликте кеўил хошладым.
Өтти талай аўыр саўдалар,
Халық басына туўды талай күн,
Басылғанда ески ғаўғалар,
Урыс көзин жойды талайдың.
Лекин, уллы Ленин жолынан
Тайынбаған компартияның—
Ҳәммеси де келди қолынан,
Ныпқырт етти душпан қыялын!
Бултлар тарқап, айдын таң күлип,
Алтын қуяш нурын шашқанда,
Бахыт қусы қонды мәңгилик,
Сол баяғы аш—қаллашларға!
Дәўран ушын төктим барымды,
Дәўран ушын меҳримди шаштым.
Ол да сендей болып жалынлы,
Парқын билди бултты ң, қуяштың.
Сен көрмеген алыс жақларда,
Сен билмеген билимди алып,
Ел үмитин шынтлап ақлаўға —
Жаслайынан киристи анық.
Мен қайылман лапгөй десең де,
Шубҳаланбай шын-ырасына —



www.ziyouz.com kutubxonasi

Палўаным аў, исенесең бе,
Ақлықларың жетти жасыңа.
Бәри, бәри орнында олар,
Ҳәммесине кеўлим тоқ мениң.
Бул заманда кеўилге қонар,
Сеннен баска кайғым жоқ мениң.
Ўақыт тартып барар кәрўанын,
Кослас дәўир—жылт еткен сағым.
Табысармыз тағы, Палўаным.
Сонда айтармыз гәптиң калғанын.
Ескерткиште мәңги от жанып,
Лаўлатады руўхыңызды.
Исиңизди әдиўлеп халық,
Том-том тарийх китабын дүзди.
Мәртлер умыт жатпас гөринде,
Хүрмет етер әўлад көрмеген.
Алпыс жыллық тойдың төринде
Отырарсаң тирилер менен!

*1977-жыл.*

## ЖАМБАС ҚАЛА

### I

Ассалаўма әлейкүм,
Унырағаn корғанлар!
Ассалаўма әлейкүм,
Набыт болған әрманлар.
Ассалаўма әлейкүм,
Шейит өлген адамлар!
Ассалаўма әлейкүм,
Кумда қалған заманлар!
Ийейин бе басымды,
Сүйейин бе тасыңды,
Төгейин бе жасымды,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Айтың, ески дәўранлар?!
Көрмедим мен бағыңды,
Көрмедим мен таңыңды,
Көрип турман шаңыңды,
Жолың қайда, кәрўанлар?
Балықшы да, дийхан да,
Усы жерге сыйған ба,
Мынаў ғайбар дийўалда,
Уйқыда ма әрманлар?!
Үмиг деген ушқындур,
Ўақыт салып шөл-шынжыр,
Еки мың жыл, үш мың жыл,
Жаттың мүлгип қорғанлар.
Келтеминар заманы,
Неолиттиң адамы,
Окуз болып ағады,
Соң саҳра булманлар...

## II

Машина зымырап умтылар шөлге,
Бизди сарғыш дала жутып барады.
Саҳра сағымы уқсайды көлге,
Суўдың қумарлығы тутып барады.
Бурын шөл көрмеген, шөлиркемеген,
Жүзин тоспағанлар отлы самалға,
Билмес, өзин алдарқатсын не менен,
Шыдамсыз асығып тигилер алға.
Рубаб тарынан төгилер базда,
Нәжиматдинниң „Жаслық“ намасы,
Кеўлимиз бир сәтке елигер сазға,
Еле узақ Төрткүлдиң „Жамбас қала“сы.
Маған бәри аян, болғанман бунда,
Курылысшылар менен гүрриңлескенмен.
Бирге турып шөл қаҳәри алдында—
Даўыллар менен де көп тиллескенмен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аз да болса оның тилин түсинип,
Досларды тапқанман шаң арасынан.
Енди бул жерлерде тутпас кисилик,
Мен „Жамбас қала“ның бир баласыман.
Мени „Мийман“ десе келеди арым,
Бундай сыйласыққа тәнде жоқ шыдам.
Мынаў даласына дийхандур жаным,
Анаў қорғанларға зыяратшыман.
Адамды ес билип келген қуслары
Айтсын, шөл қосығын тағы жоқары!
Нәрриң техниканың зор даўыслары—
Жердиң шөл қыртысын барар қопарып,..
Былтыр ХРУ көрген суў азапларын,
Жаңа канал суўға ғарқ етип атыр.
Илим ҳәм техника әсирлер зарын—
„Жамбас“ кушағынан тәрк етип атыр.
Бунда нур келешек жолға атланған,
Кәрўан басылары ассалам, сизге!
Карабахана болып жаўыз шаҳлардан—
Қалған саҳралар шегинер изге...

## III

Бул саҳралар астында,
Мың-мың жыллар илгери—
Суўлар ағып тасқынлап,
Дакыл, бағлар гүлледи.

Түрли ҳөнер бар болды,
Бул жердеги халықта.
Гүлалшылық кәр болды,
Ҳәм аўлады балық та.

Кәрўан жолы тынбады,
Жазы менен қысында.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Зат тасылды бундағы
Сирияға, Мысырға.

Пуллы десе қайманды,
Саўдагерлер ийелер.
Жети ықлымнан айланды
Кайқаңлаған түйелер.

Жаўсыз күни кешпеди,
Үй етпеди паналық.
Жары жолда көшлери,
Кетти талай таланып.

Кейин ғарры-жаслары
Дөң басына жыйылып,
Қорған сала баслады,
Кудайына сыйынып.

Қан ҳәм терге қарылған.
Ылайы да басқа еди.
Ол ўақлары табынған
Кудайы да баска еди.

Басқа еди адам да,
Түрлери де басқа еди.
Сол неолит заманда,
Тиллери де басқа еди.

Болды тағдир байғусы,
Барлығы да басқа еди.
Басқа еди қайғысы,
Шадлығы да баска еди.

Болмаса да тынымы—
Толтырмады табағын,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Болды дәстүр, ырымы,
Қылығындай баланың.

Жайылмады өркени,
Тухым қурт боп гөрге енди.
Өлсе үйдиң еркеги,
Ҳәммеси де жерленди.

Дәўир кетип күшинен,
Пите берди нәсиллер.
Уйытқыған шаң ишинен,
Өте берди әсирлер.

Ўақыт айтты: Қыйрасын,
Кереги жоқ бул қорған,
Бирақ, баба мийрасын—
Тап-ы илим қумлардан.

Тапса гүзе сынығын,
Тапса сәл-пәл қуралды,
Көрсе диййуал жырығын—
Сергей аға қуўанды.

Тарийх ушын ой берер,
Етик, жаға, жийек те.
Археологлар той берер,
Табылған бир сүйекке.

Енди қорған мәканы
Сезер дақыл ийисин.
Ыссы қумлар жатады
Суўлар менен сүйисип..

## IV

Көрдим шақалары айқасқан талды,
Енди буны шөл деў—мениңше артық.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Шеттеги жол менен бир дийқан ғарры
Баратыр ешекке суўшигин артып.
Тек те шөлдиң аты калар ойында,
Шөлистан десең сен, баўрымды дағлар.
Әне, быйыл жарған канал бойында
Қумға аўнап атыр дамбалсыз баллар.
Тилге баспасын деп шөл атамасын,
Қанша-қанша терлер төгилди бунда!
Бүгин жасыл терек бағлар намасын—
Шалар ПМК кеңсесиниң алдында.
Енди тамшы тиленбейди жаўыннан,
Жерге шөлдиң ҳасла ҳүкими өтпес.
Нөкистен де бурын биринши қаўыннан
Жаңалық еткеним ядымнан кетпес.
Бир әжайып сезим кеўилханада,
Жақын келешектен береди елес,
Бүгин уйытқыған шаң „Жамбас қала"да—
Гүрес шаңғытыдур, шөл шаңы емес.
Достым, бунда келсең, шөл деме енди,
Шөл әззилик етер суўдың алдында.
Енди зонтик емес әкел кемеңди,
Қумдағы гәўҳардай көл толқыр бунда...

## V

Ҳешким қурғақ қыялпаз емес,
Көп ойласық қурылған еди.
Кимлер буған болмаған ҳәўес,
Талай мәрте урынған еди.
Лекин, таўдай үмит алдында,
Тартып барар айбат болмады.
Тракторлар жетпеди тынға,
Жеткермеди шөлдиң жоллары.
Күни-түни төгип маржан тер,
Гүйбеңлеген дийқан пақырға—
Аўылдағы қыйтақ-қыйтақ жер



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жетер еди алдарқатыўға.
Лекин, буннан дақыл болды ма?
Тойындырыў мүшкил ғой елди...
Гүнде, кетпен, белдиң орнына
Кудиретли техника келди!
Жер қалмады аўыл шетинде,
Гия болды ой ҳәм қырлары.
Басқан жерин бостан етиўге—
Келди шөлдиң тайнапырлары!
Қанат жайды өмир нышаны,
Қозып кетти дийқанның ышқы.
Қолындағы шыттай мысалы —
Илим жерди өлшеди, пишги.
Егиледи қанша ма гектар,
Олар ушын қанша суў ақпақ,
Қанша адам, техника дәркар?
ЭЕМ берди бәрин есаплап.
Бәри, бәри түсти есапқа,
Қанша адам жасайды бунда,
Алынады қанша ма пахта?
Қанша аўыл болады тыңда?...

## VI

### Суўанберди:

Ассалам, саҳра! Мен келдим саған,
Қаҳәриңнен қорықпас бүгинги адам.
Келдим сенде өмир жаратыў ушын
Жаслығымның даңқын таратыў ушын!

### Шөл:

Мен шөлмен-мәңгилик уйқы қамалы,
Оята алмаған өмир самалы.
Қыста қар көргенмен, бәҳәрде—жамғыр,
Жазда әптап пенен болғанман тандыр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қулағым қумларға көмилип мудам.
Өмир даўыслары жетпеди маған...

**Суўанберди:**

Өмир даўысының ийеси бизлер,
Енди аққа дөнер сендеги гүзлер.
Сен уйқыда жатқан ҳасыл даласаң.
Жазда сарғаймайсаң, жасылланасаң!
Ҳасла ҳүкимдарлық қалмайды шөлде—
Техника қанаты қағылған жерде!

**Шөл:**

Ғаплет уйқым қашты, көкирегим алаң.
Жаслықты ядыма түсирдиң, балам!
Мен шөл емес, онда арыслан едим,
Жаў менен қан төгип алысқан едим.
Халқым тығылғанда анаў қорғанға
Атлар туяғында жаттым әрманда.
Толқыған дақыллар, ырғалған бағлар,
Сыңғырлаған суўлар, шапақлы таңлар,
Бәри питти... Мени қалдырды жалғыз,
Адамның қарасын көрмедим ҳәргиз!
Қыс яки бәҳәр ме, жаз ба я гүз бе,
Ҳешбири де өмир бермеди бизге,
Изсиз өте берди жыллар кәрўаны,
Келмеди „Жамбас"тың дәўри-дәўраны.
Мениң ҳәр күндеги ермегим, машқым:
Күн көзине қарап қумларды шаштым.
Қыста боран болып улыдым узақ,
Жазда лаплап жанып болғанман дозақ.
Жекке-сийрек адам көринген сәтте,
Жатырқап, қыйнадым әўелги пәтте.


www.ziyouz.com kutubxonasi

**Суўанберди:**

Қумлар ысырылды, көзинди аш, сен!
Шаң емес, бизлерге меҳриңди шаш, сен!
Жердиң абыройы ел менен шығар,
Шөлдиң абыройы ер менен шығар.
Бәри иске асар айтылған гәп-сөз,
Бизлер аз емеспиз, болдық бир совхоз.
Сени бағынбасқа қоймаймыз ҳасла,
Шөл, енди гүлисган жолыңды басла!
Сениң бахтың келер тек усы жолдан,
Өгмишти яд әйлеп қалсын тек қорған..

**Шөл:**

Балам, умтыл алға,
Қалма мәтқапыл!
Мени гүлге ора,
Аппақ пахта қыл!
Сен „Қырққыз" жеринде өскен жигитсең,
Депутатсаң, ел-халқыңа үмитсең!
Сен жаслай усындай гүресшең жолда,
Трактор дизгинин усладың қолға,
„Қырққыз" саҳрасында өткен балалық,
Қаҳарманлықлардан қалды нәр алып,
Қуўанаман даңқлы жылларым менен,
Мақтанаман сендей улларым менен!

## VII

## Музыкалы жуўмақ

Тал жоқ еди, енди терек гүўлеп тур,
Шөп жоқ еди, ғаўашалар гүллеп тур.
Түнлериңде күлип Ильич шырағы,
Күнлериңде ығбал оты гүрлеп тур!

www.ziyouz.com kutubxonasi

Саған мәртлик таласады,
„Жамбас қала“, „Жамбас қала“!
Қушағыңа жарасады
Қаҳарманлық, талўас ғана!

Суў жоқ еди, көлге айланды далалық,
Халық жоқ еди, енди үстиң қалалық.
Сен жаслықтың, сен дослықтың мәканы,
Бесжыллықта даңқың барар таралып!

Саған мәртлик таласады,
„Жамбас қала“, „Жамбас қала“.
Қушағыңа жарасады
Талўас ғана, талўас ғана!

Сен қум едиң, болдың ҳасыл топырақ,
Сен гүз едиң, болдың жасыл жапырақ.
Бүгинги әўлад саған өмир әкелди,
Жайна-жасна көп сарғайған әтирап!

Саған мәртлик жарасады,
„Жамбас қала“, „Жамбас қала“.
Қушағыңа жарасады
Талўас ғана, талўас ғана!

*Июнь, 1976-жыл.*

## СЕН ҲАҚҚЫНДА ҚОСЫҚ

### I

Әпиўайы қыз едиң бурын,
Тартпас едиң мениң көзимди.
Азба еди сендей қос бурым,
Тыңламас та едим сөзиңди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тек, көп қыздың бирине санап,
Дидар қағып қарамас едим.
Көкиректе жоқ еди қанат,
Мен жаслықта қара бас едим.
Күлкиң маған әлле биреўдиң
Күлкисиндей сезилер еди.
Ҳеш нәрседен алаңсыз кеўлим
Тыныш ғана көз илер еди.
„Бәҳәр, бәҳәр!" десип гүўлескен—
Жигитлерге итибар бермей,
Жүрер едим жолымда әстен,
Мурынға да дым самал енбей.
Жүрсекдағы ийин тиресип,
Сен де, мен де едик жыракта.
Жүрдик кимниң шаңына илесип,
Ал, кимлерден алдыныракта.
Қыз едиң сен қара пухара,
Онда кеўил тахатта еди.
Мениң ышқым қалың путада
Қырғаўылдай жатакта еди.
Сан мың гүлдиң ишинен сени,
Айырыўға жетпеди шамам.
Билмес едим: ким кимниң теңи?
Буны ҳеш ким айтпады маған.
Жүрер едим өз жолым менен,
Ҳәм де кеўил пүтин, биймәлел.
О, бийдәрәк күнлер не деген,
Әкелмеген пайда я зәлел.
Қонсам жерим, ушсам аспаным
Кең-кең еди Еркин қус едим.
Есимде жоқ: сениң, басқаның—
Мен кимлердиң турқын күседим...
Ағысларға телмирдим, лекин,
Дәрьяға да мийрим қанбады.
Гөззал еткен мынаў жер бетин
Бәҳәрлер де қозғаў салмады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Билесең бе, жаздың ақшамы
Қанша-қанша ләззетке байын.
Олар да дым сырын ашпады,
Толқытпады кеўил сарайын.
Уйықлар едим алаңсыз, шийрин,
Қурғақ қыял дуньяны шолып-
Ойлар ағып, тартса да ийрим,
Шығар едим қуп-қурғақ болып,
Гүз келгенде ана-тәбият
Алтын сүйкер жапырақларға.
Сонда маған бәри, бәри яд—
Не болары әтирапларда.
Жүрер едиң меннен алыста,
Қасыма да келер едиң сен,
Бирақ, санап мәзи танысқа,
Ушқарыдан қарар едим мен.
Қарар едим ойсыз, биймәни,
Анық нәзер түсирмес едим.
Ашықлардың нағыз ийманы —
Муҳаббатты түсинбес едим.
Ол жоқ еди мениң кеўлимде,
Билмес едим қандай боларын.
Жаслық мәҳәл жүрди геўгимде,
Билмей кимнен бағдар сорарын.
Бир жағым шөл, бир жағым ызғар,
Бир жағым көл, бир жағым қурғақ.
Жер -жаҳаңды қаплаған қызлар,
Өте берди тусымнан зырлап.
Жүрек шынтлап тартпады зарын,
Көкирегимди жайлады бослық.
Муҳаббат деп ойлағанларым,
Болып шықты жолдаслық, дослық.

2

Бәҳәр келди.
Дөгерек-дашта,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Енди самал есер жағымлы.
Көз нурыңды кеўлиме шаш та,
Сөйле, жаным, әрманларыңды.
Ҳәз етип бир тыңлайын, жаным,
Еситпеген сөзлеримди айт.
Жигитликтиң пайда болғанын
Көре билген көзлериңди айт!
Әпиўайы қыз едиң, енди
Сулыў әрман, татлы қыяллар —
Дүркиресип қасыңа келди,
Тартып алдың жыллы уямнан.
Бурын неге елестирмедим?
Бурын қайтип көрмеп едим мен?!
Енди уйқысыз өтер түнлерим,
Соқпағыңа түскен себилмен.
Бир күн көрмеў-үлкен жоғалтыў,
Бир саатқа тахатым болмас.
Қайсы күни басланды тартыў,
Қайсы күни болғанда жолдас?...
Бүгин буны еслеўим қыйын,
Бүгин мениң кеўлим әўере.
Табыстырды бизди қай жыйын,
Сен бе, мен бе көрген әўеле?...
Айта алмайман бүгин буны мен,
Рехим ет, мийримли патшам!
Муҳаббаттың сыйқыр елинен,
Сапар етип келдим ҳәр ақшам.
Онда сени самаллар тербеп,
Сыйпалады сүмбил шашыңнан.
Бәҳәр баслап тамаша ертек,
Жулдыз тажын көрдим басыңнан.
Инкар болған ойшаң көзлерим—
Жолларыңда төрт болған сайын,
Сәўгилиги қусап өзгениң—
Жатласқандай болды райың.
Сол ўақлары тынып көз алдым,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кеўлим посқан журттай қаңырар.
Мениң ерким сендей гөззалдың
Бир тал ғана шашына таңылар.
Жасар едим ғалма-ғал билмей,
Енди сазым жоқдур жумыста.
Басқаларға болсам да пилдей,
Саған, жаным, болдым қумырысқа.
Шәпәәтиң болмаса зәрре,
Табанында женшип-женшип кет.
Гүл излеген мийнеткеш ҳәрре
Кимге палдур, ал, кимге-сүрбет.

3

Дәрьяларда ығызып сеңди—
Жетти күткен бәҳәр де мине.
Айт-шы, жаным, айта-ғой енди,
Усы бәҳәр бизлердики ме?
Таў басында ескен самалдан
Саған жоллап ышқы сөзлерин—
Әрманыма әрман жамарман,
Күлки шашпас отлы көзлериң.
Енди сайдың бойына барсам,
Басланады толғанысларым,
Айт, дилбар қыз, сен кимге ярсаң?
Қаяқта жүр „жолбарысларың?"
Ушын тислеп орамалыңның,
Гәплериме болмағыл ҳайран.
„Мен басқа бир отқа жағылдым"—
Деп алдама, мен инанбайман.
Жүр, шығайық таўдың басына,
Бийик ҳәмде қудиретли ол.
Алып шықсам сени қасыма,
Айдынласар алдымдағы жол.
Сонда таўдың басына өскен



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир қызғалдақ көрсем болғаны—
Самал оны сен деп гүўлескен:
Гүл екенсең, жаным, формалы.
Бул жаҳанда еле ҳеш адам
Ескермеген, салмаған нәзер—
Гүл екенсең жекке жасаған,
Текте мениң жан дүньям сезер.
Айта алмайман қыйлы-қалымды,
Айта алмайман, қасы кәманым,
Әбигерге түскен ҳалымды,
Ҳәм азаплы ышқы таманын—
Айта алмайман шешен тил менен
Алдыңдағы мен бир гүңелек.
Қушақласып сендей гүл менен
Дийдарласпас қайсы гүбелек. . . .
Сен олардың үркит ҳәммесин,
Бүлбил болып қонайын саған.
Ҳәм сайрайын кеткенше есим,
Сен теберик арзыўлы намам.
Сен ҳаққында ойлап, қуўаныў—
Тек те мениң пайыма тийген.
Маған қыйын бәрин туўарыў,
Сен басқаны болсаң да сүйген.
Бундай ойдан басымды бағып,
Жулдызлардан сорайман мәдет.
Олар көздиң жасындай ағып,
Мөлтилдесип сақлайды әдеп.
Сонда бултлар артынан маған,
Көринеди қара көзлериң,
Ол от болар базда лаўлаған,
Жәннет болар күлген гезлериң.
Бул дүньяда сениң барыңды
Бурын неге аңғармағанман.
Қоя бер, мен еси жарымды,
Муҳаббатта қанша наданман!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Енди бәҳәр басланды. Еле
Қанша жыллар, қанша айлар бар.
Толармекен түрли гүллерге
Из түспеген бизиң жайлаўлар?.
Айтшы, жаным, енди расын,
Қыялларым кетпесин бәдәр.
Бул зәминде жалғыз сырласым—
Тек сен ғана, сен ғана, нигар!...

4

Тағы да түн...
Бәҳәр ақшамы
Татлы уйқысын аяды меннен.
Гүзеткендей қасте патшаны—
О, муҳаббат, сергек бир бендең
Пәйик болып қыялларында—
Дәрғайында аңлып жатырман.
Соқыр кеўил барын билемен,
Ол илайым, болмагай сенде.
Танығайсаң кимниң кимлигин,
Жолын аңла: Қай жаққа барар.
Бахыт деген нәрсени, күним,
Адам ғана жарата алар.
Ол мәңгилик болмағы дәркар,
Ол тулпарың—шапқан қулдырап.
Ол—адамды баслаўшы сәркар,
Ҳеш нәрсе жоқ оннан уллырақ.
Өтирикке жаным өш мениң,
Ол адамның душпаны болар.
Жүректеги оттың өшкени—
Татыўлықтың нуқсаны болар.
Жаным, жүрсең бағ арасында,
Қызғанаман самаллардан—әм,
Ынтықлықтың шегарасында



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сыбырлар деп жат биреў саған.
Мениң еле айта алмаған
Сөзлеримди басқа бир жигит—
Меннен бурын жеткерсе саған,
Онда мени өртер пуш үмит.
Онда мениң қареп болғаным,
Питкенлигим бәлентке ушпай.
Өте алмаспан өмир жолларын,
Қанатынан қайрылған кустай.
Қызғанаман сени ҳәммеден,
Қызлардан да бети ашылған.
Сақландырғым келер ҳәр неден,
Жалғызыңман жаны ашынған.
Инанбасаң, көзлериме бақ!
Онда жоқлур гәптиң астары.
Бул көзлерим ҳеш қашан, ҳеш ўақ
Көре билмес сеннен басқаны!
Инанбасаң, сөзимди тыңла,
Тәнҳа саған арналған олар.
Муҳаббаттың, ярдың алдында
Бир сөз артық айтылмас болар.
Бир сөз отын гүрлетип оның,
Бир сөз күлин көкке суўырар.
Сен көрсеттиң муҳаббат жолын,
Енди қашан бахыт туўылар?
Өзиң маған ығбал инам ет
Бахтияр қыл, әдиўлим мениң.
Ай жүзиңди етпе ғаниймет,
Қақ айрылсын ақ көкирегим!
Сен бир күлсең, ана тәбият
Мың күлиўге тайындур, жаным.
Гөззал етип тағы да зыят,
Тәкирарлар ҳусни-жамалын.
Сен инанба: Мени алдамшы,—
Десе биреў қызғанып сеннен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ондай сөзге силтеп бир қамшы,
Бир соқпақта қадем ат теңнен.
Бәҳәр түни жулдызын шашқан,
Бүгин жайнаў бизиң нәўбет дер.
Қасық қаным кеш те, ҳей Патшам,
Уйықлаў ушын зәрре мәўлет бер...

5

Бултлар барар алыс—алысқа,
Ара-тура таслап қояр ләм.
Қарап турман пәтли ағысқа,
Асығады Әмиўдәрья ҳәм.
Ана қара, қуслар дизбеги
Кең аспанда қанатын қағар.
Таслап кеткен былтыр гүздеги—
Көллерине асығып барар.
Ким билипти тағдир деген ди,
Залым мерген егпегей ўайран.
Жуптыларын табысып енди,
Көл бетинде еткей—дә сайран.
Аўылларға шықтың ба бәҳәр?
Нәрўан таллар шақаларында
Түнеп атыр бүгин таң сәҳәр—
Сән бериўши қуслар аўылға.
Олар, жаным, қайғыдан аўлақ,
Бул өмирдиң бийғам қонағы.
Күни бойы напақа аўлап,
Еркин ушып, еркин қонады.
Жүр, далаға ертип барайын,
Бизге кеңлик қушағын ашар.
Мәлҳам етип кеўил сарайын—
Жуўсан бәҳәр әтирин шашар.
Сен күшимсең алға қозғарлық,
Сенсиз—мен бир тусаўлы аттай...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сенсиз бунда жоқдур гөззаллық—
Жүзиңдеги жалғыз ноқаттай.
Сенсиз маған тарылып дала,
Табылмайды арқандай соқпақ.
Мен адамман сен болсаң ғана,
Сенсиз қалар жүрегим тоқтап.
Мыйығыңнан күлме, ойшылым,
Исенбесең, исендиремен.
Қозысы қусап анаў, қойшының—
Мен изиңнен ере беремен.
Бул дүньяда, усы өмирде
Қыз жоқ сени алмастырғандай.
Күн болмаса сени көриўге—
Мен бозлайман көз жасым тамбай.
Жүр, кетейик, жаным, даладан,
Жалықтың ба мени тыңлаўға.
Аўнайықшы, Сен әрманлаған
Суўыллаған ыссы қумларға
Жалаңаяқ жүўырысайық,
Қызғаныссын түн жулдызлары.
Ай әлемге бизлерди жайып,
Қызсын дүнья жигит-қызлары.
Ләйли—Мәжнүн, Ғарип—Шасәнем
Жасап өткен дәўран емес бул.
Бизге бахыт берип тур сәлем,
Заманыңның абзаллығын бил!

## 6

Сен күнимсең төбемде күлген,
Жулдызымсаң—түн сулыўлығы.
Айыра алмай қаламан гүлден—
Желкилдеген гөззал тулымы.
Сен дәрьямсаң.
Инкарлығымды
Ағысында шайқап атырған.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сен шынымсаң, сунқарлығымды
Бәлентлерден байқап атырған.
Сен айымсаң, булт арасынан
Саңлақ таўып маған телмирген.
Ғалег емес, сөзиме инан:
Шолпанымсаң жалт еткен бирден.
Сен бағымсаң, жапырақ жайып,
Ғумшалары жармақшы пыған.
Гөззалымсаң, жаным, әжайып.
Көрмегенше менде жоқ шыдам.
Гәўҳарымсаң, теңиз түбинен
Сүңгип алып шығып жағаға—
Меники деп отырыппан мен.
Реҳим ет, мендей балаға!
Алтынымсаң, ҳешким ҳеш қашан
Көрмеген ҳәм көрмекке құштар.
Көзимде уйқы, жүзлеримде шаң,
Жолларында жоғалды ҳуўшлар.
Көзқарасың—мен ушын байрам,
Көзлеринде жайнар жаслығым.
Дилбарымсаң, түбинде сайран
Етермиз деп кеўлим мәс бүгин,
Шырағымсаң, түнги қараңғы—
Сени көрсе серпилер, жаным.
Тек көргейсең мендей адамды,
Жолы арман болсын басқаның.
Булағымсаң. Мен—саҳраңман.
Бир тамшыңнан гүллейди төсим.
О, мазалым, ләбиңде палдан
Қашан толық тийер үлесим.
Жол-жөнекей тийип-қашпайлар
Қандыраалмас мийримди мениң.
Айтшы, жаным, қай күн, қайсы айлар—
Маған еркин берер жүрегиң?
Сағынаман, сағынасаң ба?
Айтшы, палым, бүкпей сырыңды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ояў турман қараңғы таңда,
Түсир маған шәмшил нурыңды.
Ол гүл болса, сүйетуғын мен.
Ол суў болса, мени мантықтыр.
Ол от болса, күйетуғын мен,
Сен деп күл болғаным артықдур.

## 7

Хошласпайман. Хошласыў—аўыр.
Айралыққа төзбейди жаным.
Көринбесен, иштеги ҳәўир
Жисмимди өртер, мәҳийтабаным,
Хошласпайман... Кеўлиңе алма,
Кимге керек залым айралық?!
Ышқы мегзер бир нәрўан талға,
Екеўимиз турмыз байланып.
Хошласпайық мәңги-мәнгиге,
Бахыт. ығбал бизге яр болсын!
Усы қосық, усы әңгиме
Сениң менен бахтияр болсын!
Алтын заман, азат дәўраннын
Даңғырлаған айдын жолында—
Не тилесен: усы адамнын
Бәри, бәри турар қолында!

*Нөкис, 1977-жыл.*

# БӘҲӘР ҲӘМ ҒАРРЫЛАР

## I

Өтер жыллар, өтер жаслығым.
„Киси“ десер бүгинги қызлар.
Панайынан қалем қаслының
Ләззет емес, урады ызғар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәр нәрсениң барлур мүддети.
Қаўипленемен бийопалықтан.
Маған керек адам ҳүрмети,
Жаратылған сыйшыл халықтан
Қартаярман. Қартайғанымды
Издегилер бетиме басып.
Мениң өткен жол—майданымды
Тартып алар олар таласып.
Бәлким, басқа соқпақлар салар.
Заман сондай: киси жолынан—
Жүре бериў нәмәртлик болар.
Ҳәрким тың жол изленер мудам.
Өз әрманын қуўып ҳәр адам,
Жоллар салар қыйын-қыяға.
Мың тамырда жуўырысқан қан,
Тутасқандай жалғыз уяда—
Сол жоллардың ҳәм соқпақлардың
Ушырасар бир дәрбенти бар.
Сол дәрбентке жеткен соң, алдын
Оғада кең айдын бир гүзар
Оннан гезген жолаўшылардың,
Әрманы ҳәм мақсети тәнҳа.
Көкке умтылған анаў шынардың,
Аңсағаны бәҳәр ме бәрҳа?
Жыл қуслары сап тартып ушар,
Бәҳәр излеп бармас қайларға.
Бәҳәр келсе бағ ырғалысар,
Оны күтер жылға-сайлар да.
Урканаты ушқан бораннан
Далалар да жаўып жаўырнын—
Қуяштан нур—бәҳәр соранған,
Ал, бултлардан—селин жаўынның...
Демек, мынаў дүнья да солай:
Жилўаланар өз бәҳәринде.
Бәҳәр—өмир, бәҳәр—бул талай.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бәҳәр берер бизге бәрин де.
Баратырмыз бир гүзар жолдан,
Мақсетимиз, ойымыз тәнҳа.
Сәўир есип оңнан ҳәм солдан,
Бәҳәр болғай алдымыз бәрҳа!

## II

Үскинимиз қуйылар неге,
Биз картайсақ бәҳәр паслында.
Кәр етпесе ләззет геўдеге,
Жасаў деген болмас ҳаслында.
Гүл ийисин сезбеген адам,
Қайдан билсин бәҳәр ҳаққында.
Жаслығында гезбеген адам,
Қартайғанын сезер ўақтында.
Ырас, гейде ерик гүллери
Аппақ шашқа усап кетеди.
Нәрестениң ессиз күлгени,
Сонда сени бала етеди.
Ҳәзир ғарры болыўдың өзи —
Билгенлерге артықмаш дәўлет.
Урыс жойды қаншаның көзин
Ғаррылыққа жеткермей нәўбет.
Дойнағынан майрылған тулпар,
Алыс жолға жарамас, бәлким.
Бирақ та ол шабысқа инкар,
Умыта алмас қадимги салтын.
Ҳаса тутқан мәңкиў ғарры да
Базда умытып өзиниң ҳәддин —
Есерлене шабар алдына,
Жас жигиттей гик услап қаддин.
Дәўир солай: адамлар бирден.
Ғаррылықты мойынлай алмас.
Я қалғысы келмей өмирден,
Ете ме екен алдына галўас.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Пенсияга шығыңыз енди,
Дем алыныз... Барғой басқалар,—
Десе, гейбир ғаррылар жеңди
Турип алып иске ат салар.
Я мәртлик жоқ олар ядында,
Ат шығарыў үрдиси емес.
Жүрсе болды халықтың алдында,
Соңғыларға айтып бир кеңес
Сөйтип жүрип түседи көзге,
Дәслеп аўыл, соң басқа мақтар.
Жыйналыста шақырар сөзге,
Ҳәм сыйлыққа береди мақпал.
Ғарры аң-таң бул ҳүрметлерге
Еслей алмас не ислегенин.
Радио ҳәм газетлерден
Еситеди не ислегенин.
Ҳәпте сайын, базда жийирек,
Хабаршылар ағылар бунда.
Кимге керек болыпты сүўрет.
Жүргендеги атыз басында.
Бири үңилтип қобдыйшасына
Ғарры менен бир мезгил ҳәлек.
— Қудайды қоспай гәп арасына,
Жақсы сөйлең, яшыуллы,—деп...
Некен-саяқ бос ўақты қалар,
Гә қурылтай, гә мәжлис тайын.
Өзи сезбей қаҳарман болар,
Панайынан жүрмес картайыў,
Өне бойын орденлер қаплап,
Портрети турар пайтахтта.
Қосығында шайырлар мақтап,
Даңқ табады ғаррылық ўақта.

III

— Бундайлар аз,—дерсиз жазғырып,
Тигил онда бес бармағыңа.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қартайыўды биреў наз қылып,
Қараўды да қояр малына.
Жер үстинен көшпестен бурын,
О дүньяның ғамына түсер.
Бейиш ушын аямас шығын,
Әсиликке күйер де писер.
Жоқ! Жазбайман булар туўралы.
Бул ғаррылық—өткинши ағыс.
Сол ағыстың қоқым суўлары,
Жылжып барар қумларға алыс.
Сағасынан бөлинген суўдың,
Не толқыны, не ағысы бар?
Демек, ол суў қойнында қумның,
Тамшысы да қалмай таўсылар.

## IV

Ғаррылар көп еди илгери,
Бир ис болса аўылда мәттал
Питпегенше шаршаў билмеди,
Ҳәм мол еди марапат, мақтаў.
Олар барда арқамыз тамға
Сүйсўли еди. Өстик арқайын.
Аразлассақ, билдирмей жанға
Тәмбимизди берди ҳәрдайым.
Ҳәр шаңарақ, ҳәр ошақ басы,
Тыңлап қалды олардың гәпин.
Адамлардың жантақ, ақбасы,
Кимлер алғыр, кимлер бийақыл,
Кимлер мөмин, кимлер патырат.
Айырды олар бәриниң парқын.
Бизлерден де көп зыятырақ
Сүйип кетти аўылдың халқын.
Газетаны, яки китапты
Оқымады, болды бийсаўат.
Сонда да олар билип жән-жақты,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Топлым жүрікә берди мәсләҳәт.
Исенсе де көрмеслигине,
Қудай бар деп исенди олар.
(Қудайды көп алып тилине
Жутынғанда аш көз моллалар —
Бегиштирип өзин, кудайын,
Тасырлатып қуўды жыйыннан).
Басын қурап ҳәр жума сайын,
Гәп қозғасты былтыр-быйылдан.
Айгысты олар: пәленше улына
Қыз алғанда той қандай болар.
Төленшениң жыйған пулына,
Арба алыўды кеңести олар.
Хожалықтың ғалма-ғалынан,
Ерли-зайып шығарса шаўқым,
Хошы болмай олардың буған.
Жуўып-шайып жиберди арын.
Лазымлы иске келсе шақырық,
Топар болып атланды лаппа.
Қаза болса бирге аҳ урып,
Теңдей еди ағайин, жатқа.
Өкпе-гийне, я анаў-мынаў
Дегенинди ҳасла билмеди.
Той болыўдан айттырып жыраў,
Таң атқанша отырар еди.
Бул дүньяның билмеди бәрин,
Көп еллерден болды бийхабар.
Сол журтлардың палын-зәҳәрин,
Аўылында-ақ татысты олар.
Ҳаўа райын бақлаўшы бюро,
Олар ушын керексиз еди:
„Ғапыл қалма, дийқан, абайла,
Бес қонақта қыраў түседи"
Деген жылы айтқаны келер.
Қыстың суўық, жыллы боларын,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Олар жаздың күнинде-ақ билер.
Шамалады күниң жаўарын.
Соңғы үш-төрт жылда сол топар,
Кетип болды. Тек бири қалды,
Керек екен ҳәммеге қатар,
Талай рет қамсықты ғарры.
Қалыс хызмет етип алдында,
Төбемизге көтердик қанша,
Бирақ шәддес екен ғаррың да,
Асығады көзин жумғанша.
Соған қарап шамалайман аў:
Дослар екен өмир арқаўы.
Жер үстинде досларсыз жасаў —
Ол күнниңниң мәңги батқаны.

## V

Таўға бардым. Сарқырамалар
Қулап түсип бәлентликлерден —
Шаўылдасып шаўқымын салар,
Ҳәм дәрьяға умтылар бирден.
—О, кудирет! — дерсен ентигип,
Дәрья таўдан саға алар екен,
Демек ҳағлар-ҳағлар мәңгилик,
Ҳәр тамшысы — шөллерге сетем.
Таўға барсам, бүкшийген шыңлар:
Дастығынан сирә бас алмай,
Гә гүбирлеп, гә мени тыңлап,
Жүз жасында өлген атамдай.
Сағынаман соннан берли мен,
Таўлар мудам ядқа салады.
Қартайыўды билмеген әлем,
Жыллар болып алға шабады.
Сол жылларда түрленер ығбал,
Бахыт келер қуслардай ушып,
Адам ушын ўақыт дым қырўар,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ўақыт кетер куслардай ушып
Сизлер таўым, ақ шашлы жанлар,
Саркырамаң бола алғайман.
Сизлер барсыз—бар екен таўлар,
Таўлар себин өзим жалғайман.

## VI

Булт келеди—ғазепли қабақ,
Бар қаҳәрин төгетуғындай.
Аўыллардың үстин сабалап,
Гүлдирмама гүрилдер тынбай.
Булт ишинен жоғын кыдырып,
Шамын алып жуўырар шахмақ.
Жылқымандай таслаған қурық,
Отлы арканын атар шуўмақлап.
Жерде даўыл айбатлы ҳүўлер,
Қараталлар ийилер, сынбас.
Бир түп гүжим қосыла гүўлер,
Қасарысар, оннан басылмас.
Усы даўыл артынан мудам,
Бизиң жаққа бәҳәр келеди.
Сол гүжимниң зор тулғасынан,
Аўылымыз келбетленеди.
Талай даўыл, талай жаўында,
Мүдирмеген сол гүжимдейин,
Бир ғарры бар бизиң аўылда,
Тәндар, куўнақ елеге дейин.
Ол жөнинде адамлар базда,
Айтысады көп әңгимени:
Колхозға ол биринши ағза—
Болыўдан-ақ атқа минеди.
Үлкен улы онсегизинде,
Оттай екен лаўлап алысқан.
Араласып жаңа дүзимге,
Талай менен зәңги қағысқан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Комсомолдың талмас қанаты
Оны ушырған. Бирақ узамай
Халық жаўлары ушардан атып—
Сойып кеткен улын аямай.
Ортаншысы—кетип урысқа,
Саўашта өлди алыс жердеги.
Тетеси де жоғалды тыста,
Бир жапырақ хат та келмеди.
Бул күйиктиң шегип пәриядын,
Ғарры төзим берди, шыдады.
Тағдир қырықты барлық туяғын,
Даўыл менен өшти шырағы.
Кемпири де көз жумды қашшан,
Ҳәсиретти ғарры ийинлер.
Қайсы үйге қонса да ақшам,
—Сизлер балам, сизлер үйим-дер.
Ол киятса үйбетке таман,
Қуўанамыз қонып кеткей деп.
Ҳәр келгенде „ата" лап анам,
Кийдиреди бир ақсүп көйлек.
Әкем менен отырар узақ,
Әңгимеге бузаў емизип.
(Баламыз-аў, ол шеккен азап
Бизлер ушын көринер қызық.)
Аўылдағы жалғыз түп гүжим,
Даўыл менен айқасар мудам.
Сол гүжимдей, ғарры да бизиң
Табылады мол ғайрат—шыдам.
Себеби, ол билди алдында,
Бәҳәр барын, бәҳәр келерин.
Бәҳәр ушын түсти қаңғыўға,
Бәҳәр ушын берди керегин.
Қыс бораны ысқырған мәҳәл.
Ел басына нөсер қуйғанда,
—Әкелиң,—деп,—бул жаққа бәҳәр!

www.ziyouz.com kutubxonasi

Атландырды канлы майданға.
Бәҳәр ушын берди улларын,
Тағдирге ол ҳәрқашан үстем.
Зер куяштың гүмис нурлары,
Алтын болып жүзине түскен.

## VII

Кел, енди биз хош айтысайық,
Талай талай ушырасармыз.
Өмир – теңиз, биз болсақ кайық,
Бағдарымыз дийдимиз жалғыз.
Усы жолда дауыллар шайкар,
Айқасармыз толқынлар менен.
Мантығармыз... ал, уақыт „шайтан",
Ларқылдасып жүрген бизлерден—
Қағып алып жаслық дәуранды,
Ғаррылықты етер ардана.
Бахыт соңына салып әрманды,
Өмир ушын болып пәрмана
Картаярмыз. Бәҳәрдей өмир
Жер үстинен көшпейди ҳәргиз,
Мүддәәсин питирер дәуир:
Бул дүньяны сүрип өтермиз.

*1969-жыл.*

## ТАҢ АШЫҒЫ

Сол дауыллы жыллар... Жаңа дүзимниң
Тунғыш нәлшелери жапырақ жайған:
Қадеми таңысық социализмниң
Дәслепки сапары душпанды айған:
Аман алып өтип отлардан, суудан,
Ленин идеясын жеткерди бунда.
Сонда желбиреген қырмызы туудан



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сөнбес нур таралды ҳәр бир ауылға.
Бирақ... Күн пурынан басқаны билмеген
Халықты албыратты бийўақ таң мына.
Кимлер қылыш пенен, кимлер гүл менен
Жаңа ҳүкиметтиң шықты алдына.
Байлар шайқус көрген ана тауықтай
Мал-дүньясын қымтап қанаты асгына—
Қоқырайып қарап жаңа жарыққа,
Әпсаналар қосты ханлар ўаспына.
Табаны қырк жарық, шөллерди гезген
Жарлылар маңлайын қағып бир самал—
Ҳәсиретли жасын қурғатып көзден,
Үзди қапесликтиң торын қурсаған
—Қызыллар киятыр! - деген ғалаўыт!
Арқаға өрледи дәрья жағалап.
Сан мың көзлер күтти болып қарамық,
Мың-мың кеўилхана күтти әдаўаг.
—Қызыллар киятыр!
—Қызылы неси?
—Қан ишер болған соң қызыл атанған!
Қудайсыз доңызлар—олар ҳәммеси!—
Дести жаўлар. Жүреклерди от алған.
Биреў бахыт күтти, биреў ғам күтти,
Гәп қуйындай шапты ел арасында.
Биреў түнек күтти, биреў таң күтти,
Халық жасады тағдир шегарасында.

## I

Узақ ауыллардың биринде сонда:
Бай болды түсине енбеген қайғың.
Сонша жер, мал дүнья, малайлар қолда,
Төрт тәрепи қубла Арзымбет байдың.
Жүрди есигинде ғалаўыт жыллар
Қадир деген жигит, палўан турпатлы.
Күн-түни исседи, жумысы қырўар,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сонда да сөз еситпеди бир татлы.
Ылағын кетиўге жетимлик тусаў,
Жаслық—қапестеги қустай тыпыршыр.
Ол шөлде сарғайған нәрўанға кусар,
Өткен ҳәрбир күни маңлайын қыршыр.
Бир тастын үстине тамған тамшыдай,
Күнлери айнымас бири-биринен.
Жүзи солғын дымсыз қайтқан аңшыдай,
Муң дәстанын оқыр един түринен.
Өмирден ол күтпес жақсы ақыбет,
Усылай жасаўға ети үйренген.
Байдан еситкенде азап-ақырет,
Гейде өзи өзинен де жийренген.
Ол мысал гүң еди ишинен жанған.
Шийрин түслер көриў—бар тамашасы...
Бүгин ол тағы да оянды таңнан,
Еле көринбейди жаздың қуяшы.
Жулдызлар сийрексип барар аспанда,
Таң сағымы батыс бетке жылысар.
Күтилмеген бир ўақыя: тап сонда
Бир атлы келди де, бақырды: „Ким бар?!“
Әўпилдести байдың баққы ийтлери,
Жолаўшы тәрепке жуўырды Қадир.
Оған „кириң“ деди, ийтке „жит“! деди,
(Усыннан басланды басқа бир жәбир...)
Ол қаңтарып байлап кулшынған атты.
Күндеги ғалма-ғал исин баслады.
Жолаўшы пәтли еди. Жулқып оятты,
Бай көрпесин ылақтырып таслады.
—Бул не, қарабасқыр?!
—Не, аманлық па?
—Қойнындағы қатын кетежақ қолдан!
Барлық мал дүньяңды бересең мутқа,
Өзиңди ҳәм бизди азғырар жолдан!
—Не өзи, Мәмбетбай, айтып турғанын?
—Қызыллар киятыр!



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Кызыллар?!
—Аўа!
Енди көкке суўырылады кырманың.
Ҳәммесин алады, калдырмас наўа!
Олар жарлыларды аркадан қағып,
Айтар тәкирарлап „азатлық" сөзин,—
Киятырған дейди берман ылағып,
Карсы шыққанлардың ойып қос көзин!
Молла, ийшан болса, бай болса қайда
Солар жети жини, душпаны екен.
Жақын күнде келеди екен Шымбайға,
Олар қан төгиўдиң куштары екен!
—Әстаўпырла! Тоба?
—Енди тобадан
Ҳешкандай пайда жоқ. Кыймылдаў керек!
Изиме ертесен ҳәзир он адам,
Қара ийшанға жетиў лазым ертерек...

## 2

Кадир аңғармайды ақты, қараны,
Байдан кутылғаны куўантар текте.
Нелер күтер бундай бахты қараны?
Неге ат мингизип, әкелди шетке?
Пәми алыспады буларға ҳасла,
Купия адамлар, жасырын ислер:
Мылтықты үйрениў, аўқат жеў. Баска
Талабы болмады. Писиўле ишлер.
Бир күни зәр шапан кийген сәркары
Ҳәмме жигитлерди топлап сөйледи:
—Еситтиңлер, жақында гәп таркады,
Бизлерди куртыўға жаўлар келеди.
Дин ҳәзирет ушын, ақ патша ушын
Ислам әўладының кегин алыўға
Биздей перзентлери жойтып тынышын,
Мине, отырыппыз минип қарыўға!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кызыллар-пухара халыққа қастыян,
„Тенлик беремиз“ деп алдайды олар.
Аш қасқырдай қарғып бүктиң астынан,
Бизиң напақаны жалмайды олар!
Жақында келеди... Пәндиў-нәсийҳат:
Биреўи де тири қайтпаўы дәркар.
Қызыл көрсең өлтир, маңлайынан ат!!—
Деп сөзин туўарды тисленген сәркар.
—Қызыл—адам ба ол?
—Атың ким сенин?
—Атым—Қадир, келдим Арзымбет байдан.
Қызыл—адам түслес, сорасаң тегин
Олар адам емес, гил жыртқыш ҳайўан!
...Баска ҳешнәрсени билмеди Қадир,
Жаў менен айқасыў болды қумары.
Арқасы қозады, етеди дир-дир
Күн-күннен толысқан яңлы димары...

### 3

Бинай өмиринде биринши рет
Гөзлеп атты „адам түслес“ адамды.
Қолы қалтырады, шапшыды жүрек
Жер тислеп қалғандай болды табанды.
Жүўери аңызлар, бүк аралары
Толды қыйқыў менен түтинге, шаңға.
Ким „ҳүкимет“ деди, ким „аға“лады,
Бәлким, тойған шығар қара жер қанға?
Екиншисин атты...үшиншисин де—
Бирақ, ол қуламай алға талпынды.
Тағы атты. Сол баяғы күшинде
Қызыл әскер ойлап келер тарпыўды.
Сонда Қадир умытты да барлығын
Тасалаўды жигитликке нуқсан деп—
Ядынан шығарып-сәркар жарлығын,
Умтылды: „Кел, қара күшке душпан!“ деп.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сол қызыл әскер де мәрт жигит екен:
Атлады. Киятыр қадемин таслап,
Киятыр қыят етпей ушырасқанға шекем,
„Не қылайын,—дегендей,—жерди ыласлап?“
Олар ушырасты. Ушырасты олар!
Тағдир, сен нелерди салмадың басқа?!
Өмир, көрсетпеген не дәртлериң бар?!
Душпан болып ушырасқан жуп жасқа?
Қадир лал, мылтығы түсти қолынан,
Есенкиретти оны мына гезлесиў.
Талай сапар бай мушынан қорыған—
Жорасы бул! Жасырады көз несин?!
...Ол тирише еди сумлығы басым,
Екеўи жалланды Арзымбет байға.
Талай қысылшақда Қадир жорасын
Қолын созып, қалдырмады ылайда.
Байлың топаслығын, сықмарлығын ол
Жарлылар алдында әшкара етти.
Халықтың жүрегине тапты даңғыл жол,
Байды бир мәртебе масқара етти:
Түн еди. Талап жоқ, қоллары саўа,
Бундайда қайларға кетпейди қыял!
Бәҳәр—жипек самал, тап-таза ҳаўа
Ылағып кеткиси келер ықтыяр.
—Қадир еситтиң бе?—деди ол әсте,
Мысалы, сөйлескендей жулдызлар менен.—
Неге биз бәрқулла қаламыз пәсте?
Исмиз жоқ ҳаял... я қызлар менен...
—Ой-бой, жора, айтасаң-аў қайдағын!
Соған шама бар ма?—деп күлди Қадир.
—Еситтин бе, жаңалықты байдағы?
Оған айланыпты жигитлик дәўир.
Қыз алажақ екен...
—Үш қатыны не?
—Олар азлық етип атырған емиш.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Кимге үйленеди?
—Сонда әңгиме:
Гүлимди үзежақ дәртке корениш!
Достым, сонша бердим саған қол ушын,
Енди маған жалғыз көмегин тийсин.
Маған бир ат сазла узақ жол ушын,
Арзымбет қызды емес, кесекти сүйсин!
Бийбижанды оған бергеннен көре
Қара жер астына түскеним абзал!..
Мен бир пәнт берейин бундай еркеге —
Исирапыл қысқа айланар жазлар!
—Сонда не қылмақсаң?
—Жора, гәп былай:
Шаппат урысқанбыз Бийбижан менен.
Биракта Арзымбет—жердеги кудай
Ата-анасын алдастырған мал менен.
Жарлылық, жарлылық!
—Қайғырма, жора!
Байдың жийрен аты түссе астыңа...
—Минип кетермен аў, ал сен бийшара
Азап шегесең-аў мениң қастыма.
—Мени өлтире алмас, урар, азаплар,
Бәрине шыдайы тек сизлер ушын!
Сизлерди тутпаса болды гәззаплар,
Бузба, достым, көкиректиң шырысын.
Аман болсақ көрисермиз түбинде
Мени де кутқарып аларсаң буннан...
...Жыллар өтти.
Олар көристи мине!
Оқ атып, қан төгип шықты алдынан!
О, тағдир нелерди жазгансаң басқа?
Инсанды ойыншық етесең канша?!
Бақырды ол басы тийгендей таска:
—Асан!!!—Еңкилдеди,—сени атқанша
Неге мен өзимди атпадым, достым?!
Асан қулап түсти қушағын жая...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Гүбирленди:—Кимге басыңды қостың?
Сонша дослығымыз кетти ме зая?!
Сен кимге оқ атып жүрсең, Қадирим?
Қызыллар - өзиң ғой, жыллы панаң-ғой.
Олар умыттырар байлар жәбирин,
Ендиги жағында ата-анаң ғой...
Өш алмақшы едим Арзымбет байдан,
Бирақ... Бийбижан да узақта қалды,
Хабардар болып тур улым Нарбайдан...
Сен енди қан менен қарсы алма таңды...

## 4

„Сен енди қан менен қарсы алма таңды.."
„Қызыллар—өзиң ғой, жыллы панаң ғой.."
Қушағына қысып досты Асанды
Қадир қан жылады.
Көз жасты қой, қой!
Көз жас қайтарар ма қадирдан достын?
Оны тирилтер ме селлеген көз жас?!
„Қадир, сен кимлерге басыңды қостың?„
Жуўап, бер, жүрегиң болсадағы тас!!
Сен аттың Асанды, мынаў дүньяда
Ең жақын жораңды өлтирдиң өзиң!!
Енди ушпақшысаң қайсы қыяға?
Жойылсын сениң де қан толған көзиң!!!—"
Деди де ол өзин атпақшы болып
Мылтықты көкирекке қадаған замат—
Буны бағанадан турғандай шолып,
Қапсыра услады еки азамат.
Ол тилсиз бағынды. Қолларын таңды,
Айдап алып келди командирине.
—Жолдас командияр, мынаў адамды
Жаўма деп ойладық қарап түрине...
—Хош, жигит?—Командир қарады оған.—
Не мақсет әкелди сизди бул жаққа?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Ақсақал, әўел бир суў берин маған...
Ол суў ишип гәпти созды узаққа.
Көзлеринен тамып моншақ моншақ жас,
Ҳәммесин қалдырмай сөйледи Қадир.
Қайсысы-гүл еди, қайсысы—ақбас,
Билмес... Кеўлин соқыр етипти тағдир.
—Мени кешириңлер, косың қатарға,
Сизлердиң жаўыңыз мениң де жаўым.
Достым Асан айтқан булазат таңға
Қан емес, гүлдәсте алып шығайын!
—Ол—комсомол еди жалынлы жүрек.
Әрманшыл жан еди Муратов Асан...
Жарқын естелигин бизлер, ҳүкимет
Умытпайды, умытпаймыз ҳешқашан!!

5

...Ол Төрткүлде оқып ашты саўатын,
Жаңа сиясаттың билди бағдарын.
Шыңдағы бүркиттей комлап қанатын
Күседи алысқа ушыў әрманын.
Еле халық жаўлары қуўыс-қолтықта
Қуяштан уў алған ҳәрредей мысал,
Ништер суғар еди парахат журтқа,
Жаңа ҳүкиметке бир көзин қысар.
...Олар екеў болып тартты арқаға,
Колхоз дүзиў керек Шымбай тәрепте.
Қасында коммунист Нурымбет аға,
Бираз нәрсе билер, көп болған шетте.
ТОЗды жатсынған ел, колхоз дегенде
Бираз албырады, дегбирден састы.
„Ҳәммеси орталық болса егерде
Нетемиз саўғалап бул жалғыз басты?
Бизлер—мусылманбыз, шәрият исин
Орталық етиўге қарсымыз зинҳар!!
Жатқызбай-ақ қойың гәптиң тигисин,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Колхозға ҳешқашан емеспиз инкар!..
Усындай дуў-дуў гәп аўыл арасы,
Қайсысы өтирик, қайсысы ырас—
Бул жерде билмеди адам баласы,
Бунда көширек-гүман, кеўиллер ылас.
Молла менен байлар безип уйқыдан,
Азатлық таңына бултгай дөнмўде.
Ески дәўлет бағын әрманлап мудам,
Жаңа соқпақларға шеңгел көмиўде.
Надан соқпақларға от таслап олар,
Насақлар тарқатты колхоз туўралы.
„Ҳәммеси орталық, орталық... болар!"
Деген гәп олардың болды қуралы.

6

Жыйналыс басланды талдың астында.
Батрачком Мамыт қысқа сөйледи:
—Колхоз дүзиў ушын жиберген бунда
Мынаў адамларды тыңлаймыз,—деди.
Орнынан турды да Нурымбет аға
Гәпти қозғап кетти арранырақтан:
—Сизлер байлар менен жыртысып жаға
Тамшы татпадыңыз өмир-булақтан.
Күниңиз мудамы қараңғы еди,
Жүзиңизге сирә түспеди шуғла.
Ығбал атлы дүньяң талаўлы еди,
Тек зорлардың болды төрт жағы қубла.
Жыладың... Зарыңды кимлер тыңлады?
Тислем нанға, уртлам суўға зар един,
Қанаты қайрылып жатқан шыңдағы
Бүркиттей ушыўға интизар един!
Халқым, көз жасыңды сүртиўге енди
Мийрим шапаатлы қоллар табылды.
Тайсалма,басыңа бағ дәўлет келди,
Мың жыл әрман еткен жоллар табылды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул жол—дана Ленин көрсеткен гүзар,
Большевиклер бизди баслайды оннан...
Жоқ болсын айғақшы ҳәм гүдибузар,
Бизди ҳешким айнытпас бул айдын жолдан!
Молла—ийшан, байлар келсе қолайға
Жаңа ҳүкиметке таслар атажак.
Олар басын жәмлеп қалың тоғайда
Сада адамларды атырған ғажап.
Түрли өтирикти тоқып ядынан
Колхозды әжийне көрсетпек олар.
Аңқылдақ кеўиллерге толтырып гүман
Айтар: „Бәри орталық, орталық болар!"
—Менде саўал бар?—деп қышқырды биреў,—
Бизди усы жери ойлантып турған.
Мал-дүнья дегеннен бизде жоқ тиреў,
Қатын кетсе ортаға... саўда қашылған!
—Ҳәй, бәрекелла!—десип мақуллады журт,—
Бизиң тумсығымыз тийгени тасқа,
Бизиң болғанымыз онда тухымқурт
Балашағамызды ортаға басса!!—
Мамыт ғаўырлыны тоқтатты зорға:
—Әўел бастан-аяқ тыңлаңлар ўазды,
Шағалдай шуўлайсыз тең ярым жолда,
Қане, отыр тыныш! Өшир ҳаўазды!!
—Жолдаслар, инанбаң, ол ғаўасатқа,
Колхоз—бул жәмәәт, гең бөлиў пайды.
Көп пенен жетесиз мақсет-муратқа,
Жалғыз зоң ғарғаның үни шықпайды!
Ислеген—тислейди. Еле жолдаслар,
Трактор келеди гүнде орнына.
Колхоз ғамы сени ойланта баслар,
Уялып жүрерсең гәпиңе мына...
Кадир де сөйледи өмирбаянын,
Жасларды шақырды гүресшенликке:
—Жаңа жолға келип жетти аяғың,
Батыл қадем атла бахыт, теңликке!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## 7

...Сөйтип жәбдиллести „Терекли аўыл",
Дәслеп отыз адам кадем таслады.
—Бизлер де болмайық сырттан қараўыл,—
Деп тағы дийқанлар кире баслады.
Күннен-күнге артты колхоз ағзасы,
Кимлер өгиз берди, кимлер-арбасын,
Аўыз бириктирип ғаррысы, жасы
Ашты ҳүкиметке ықлас арнасын.
„Жаңа жол" аталды колхоздың аты,
Мамыт баслық болып сайланды оған
Бирақ, демин шеккен жылан айбаты
Еле басылмаған, еле тынбаған...
Уйқыны умытып Нурымбет аға,
Үгит-нәсийҳатқа зор бере берди.
Қосшылар изледи ол партияға,
Жаңа сиясатқа үйретти елди.
Бийсаўат жаслар да үркек ҳәм аңқаў,
Өзлигинше билмес сүрдеў жолларын.
Мине, келешекке солар-ғой арқаў,
Ҳәзирше билмейди кимди қолларын.
Қадир ҳәр күн сайын, ҳәр мезгил сайын
Солардың алдында билгенин сайрар.
Мектеп етип қашқан бир байдың жайын,
Ҳәр күни балларды оқыўға айдар.
Комсомол ячейкасын дүзип ҳәп замат,
Көп жасларды жыйды әтирапына.
Олар колхоз ушын комлады қанат,
Олар дақ түсирмес колхоз атына.

## 8

Сол ақшамы олар отырды узақ,
Бир қатар айтысты аўыл арасын.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Соң Нурымбет аға сағынған қусап
Айтты Төрткүлдеги бала-шағасын.
Ол рус қызына үйленген екен,
Бир қызы, еки улы бар екен ҳәзир.
—Сен бойдақ жүресең қашанға шекем?—
Деди ол Қадирге гә шын, гә ҳәзил.
—Билмеймен... Ўоой, аға, жумыслар қанша!
Қанша ўазыйпа тур бизлерге мүтәж?
Бәрин питкергенше, бәрин болғанша
Бир жаслық жетпейди,бир жаслық дым аз!
Келешек—ертектей елеслер маған.
Түслериме енер әжайып дүнья.
Маған бахыт болып туйылар заман,
Ығбал түўесилмес, ол нәўпир дәрья.
Мине, колхоз дүздик.. Халықтың күшин
Дурыслап салсақ едик жалғыз арнаға.
Ҳәмме ислесе еди мәмлекет ушын
Ҳәмме ийсе еди болып әрўана!
Мен де қателестим... достымның қаны
Сөнбес нур сыяқлы ашты көзимди.
Ол кетти... Мен қалдым Өмир урқаны
Қайта жайылғандай болып сезилди....
...Мәгар ярымақшам аўған шамасы,
Аспанда жулдызлар, аспанда ай тек...
Сайраўда булардың кеўилханасы,
Сонда, сатыр-сутыр урылды әйнек...

## 9

Жыс тоғай. Бәҳәрдиң ең соңғы қары
Еле еримеген. Шымыры аяз.
Жаңа ҳүкиметтиң жансыз душпаны
Тоғайда паналап жан сақлар бираз.
Ислеўге кәри жоқ, урлық талабы,
Динди байрақ еткен иплас жолы бар.
Колхозды бүлдирди, халықты талады,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Елде исенимли талай қолы бар.
Сол кеште жыйналып қурды мәсләҳәт,
Сөйлер оданбасы Таўмырат деген.
—Бизден қашықласып барар рәҳәт,
Есапласыў керек „большойлар“ менен!
Еситтим, бир аўылында Шымбайдың
Колхоз дүзилипти „Жаңа жол“ деген.
Оны дүзген мынаў Арзымбет байдың
Сол баяғы Қадир малайы екен!
Ол сатқынның кәрин питкериў керек,
Сөйле, Арзымбет бай!
—Не дейин, тақсыр?
Жигитлер жағынан берсеңиз көмек,
Оны гүм қылыўды өзиме тапсыр!
—Нурымбет „большой“ бар оның қасында.
Мамыт баслықтын да қуртыңлар көзин.
Қанша өгиз болса мал қорасында
Айдап әкелиңлер! Мақулма сөзим?!
—Мақул!
—Әжеп!!—десип атланды жолға.
Аспанда жулдызлар, аспанда ай тек...

## 10

...Сатыр-сутыр етип урылды сонда,
Ишке сынып түсти илекер әйнек.
Гүрип етип атылды бесатар бирден,
Тағы да атылды... Қадир, Нурымбет
Мүйешке тығылды сасып дегбирден,
Даладан бақырар: „Питти күниң!“ деп.
Иште сес-семир жоқ, қараңғы жайда
„Адам жок шығар“ деп ойлады олар.
—Ен әўел сен кир,—деп Арзымбет байға
Есик бетке келип мирәтин салар.
Ийтлер шабаланды, мөңиреп маллар,
Аўыл азан-қазан болып ойanды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Уры!!—деп қыйқыўлап, қараўыл зарлар,
Ҳәр ким илингенин қолына алды.
Жайда еки дүнья: жаңа ҳәм ески
Гүреси басланды. Ең дәслеп кирген
Арзымбеттиң өшти шәңкилдек сести,
Басқасы оқ атып тағы бир-бирден
Басқы таўып қашты. Халықтан айбынды,
Мал да аман қалды, Мамыт та-аман.
Сонда да ылайлап кетти айдынды,
Бир ашығын жойтты сол сапарғы таң.
Шала жансар еди, былғанып қанға
Қадир аўнап жатты. Жетти адамлар.
Ал, Ңурымбет аға есинен танған,
Ҳәзирше түри жоқ ҳешнәрсе аңлар.
Шүтик шыра жанды, есикте жатқан
Арзымбеттиң лашын жоғалтты көзден.
Қадир сандырақлар: „Ким... мени атқан?...
Достым, Асан... шықтым баяғы сөзден...
Таң атты ма?... Мени жақтыға шығарың...
Кеўлим толмай барар... шүгик шыраға.
Кереги болмайды .. бул... тас шыраның...
Жарқырайды... дейди .. еле Нур... аға..."
Сөйтип, көзин жумды мәңгиликке ол,
Оның ҳәўес таңын көрди басқалар.
„Жаңа жол" колхозы болды „Комсомол",
Мейли, усы жерде питсин әпсанам!

*Октябрь, ноябрь,*
*1973-ж.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## МАЗМУНЫ

### 1. Қосықлар


Туўылған жер толғанyслары (қосықлар дүркини) . . . . . . 5
Қарақалпақстаным мениң (қосықлар дүркини) . . . . . . . . 12
Азатлық таңы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 12
Ығбал соқпақлары . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 13
Арналысларда . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 14
Нөкис . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 15
Ақ көкирекликти сүйер ақ қағаз . . . . . . . . . . . . . 16
Институт-алтын босағам . . . . . . . . . . . . . . . . . 17
Россия . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 17
Қарақалпақ халқына . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 18
Ойлар мениң қанатым (қосықлар дүркини) . . . . . . . . . 22
Гүздеги қосық . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 38
Қызым . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 39
Пахта монологи . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 40
Мен-дийқанман . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 44
Қап-қара бултларды күн көзин басқан . . . . . . . . . . 47
Сен бәлenttен келдиң, мен пәслен қалдым . . . . . . . . 47
Ким биледи кимниң қанша жасарын . . . . . . . . . . . . 48
Биреўлер тойға баратса . . . . . . . . . . . . . . . . . 48
Көп мақталып ҳәзирде ҳәм бурын да . . . . . . . . . . . 48
Элегия . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 49
Маңқышлақ дәптеринен (қосықлар дүркини) . . . . . . . . 50
Таўларда өзгерер . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 51
Еле бәҳәр алыс . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 52
Көк шалғышлы қыз . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 52
Бунда бәҳәр . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 53
Қызлар қосық айтады . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 54




www.ziyouz.com kutubxonasi

Институт оқтавалары . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 55
Сени сағынаман . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 56
Сен ҳәм гүз . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 57
Үйиме келиўшилерге ескертиў . . . . . . . . . . . . . . . 58
Қоңырат мийнеткешлерине . . . . . . . . . . . . . . . . . 59

## 2. Нама қосықлары

Жырлайман . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 63
Комсомол . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 64
Студентлер қосығы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 64
Аралдағы қосық . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 65
Көзлериңе интизарман . . . . . . . . . . . . . . . . . . 66
Муҳаббат қосығы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 67
Қыз қосығы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 67
Қызлар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 68
Уатан . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 69
Устаз . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 69
Яр күтиў . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 70
Беруний қызларына . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 71
Россияға . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 71
Ананы қадирлең адамлар . . . . . . . . . . . . . . . . . 72
Халқыма . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 73
Уллы Октябрь . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 74
Бахтымызды қорғағанларға . . . . . . . . . . . . . . . . 75
Космонавтлар ҳаққында қосық . . . . . . . . . . . . . . 76
Мен оқыған мектепте . . . . . . . . . . . . . . . . . . 77
Бахыттың сағасы Уллы Октябрь . . . . . . . . . . . . . . 77
Жас пахтакеш қосығы . . . . . . . . . . . . . . . . . . 78
Шофёр қосығы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 79
Октябрь ҳәм бизлер . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 79
Бул бизиң жаслық . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 80
Студент қосығы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 81
Шоманай . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 82
Студентлик сәлем . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 82
Естелик алдындағы қосық . . . . . . . . . . . . . . . . 83
Солдат анты . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 84
Урыс ветеранларына . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 85
Пахтакеш қыз қосығы . . . . . . . . . . . . . . . . . . 85
Мениң бәҳәрим . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 86
Дәрья жағасында . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 87
Бағы-бостаным . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 87



www.ziyouz.com kutubxonasi

Муҳаббат . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 88
Мектебим . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 89
Бахытлы балалық . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 90

### 3. Поэмалар

Булт ҳәм қуяш . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 93
Жамбас қала . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 111
Сен ҳаққында қосық . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 120
Бәҳәр ҳәм ғаррылар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 131
Таң ашығы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 140

www.ziyouz.com kutubxonasi

*На каракалпакском языке*

**Кенесбай Рахманов**

**ВЛЮБЛЕННЫЕ В ЗОРИ**

*(стихи и поэмы)*

*Издательство „Каракалпакстан"*
*Нукус—1978*

www.ziyouz.com kutubxonasi

Редактор *Б. Қайыпназаров*
Художник *Қ. Нажимов*
Худ редактор *Б. Ещанов*
Тех редактор *Б. Өтегенов*
Корректор *Г. Тажибаева*

ИБ—509

Териўге берилген ўақты 2?/IV—1978 ж. Басыўға рухсат етилген ўақты 15/VIII—1978-жыл. Қағаз форматы 70Х108 1/32 Көлеми 5,0 баспа табак 7,0 шәртли баспа табақ. 6,0 есап баспа табақ. РК № 33818 Тиражы 3000. Баҳасы. 90 т.

„Каракалпакстан" баспасы, Нөкис қаласы, К. Маркс, 9.

ҚКАССР Министрлер Советиниң Баспа, полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша басқармасының „Правда"ның 50 жыллығы атындағы Нөкис полиграфкомбинаты. Заказ № 128

www.ziyouz.com kutubxonasi